Une discussion a été faite avec les participants sur les espaces spécifiques à attribuer aux morts et aux vivants. Les morts doivent reposer au cimetière. Nombreux sont ceux qui pensent que placer des urnes funéraires dans le domicile des vivants, comme cela se fait de plus en plus couramment, ne permet pas aux morts de trouver leur place, ni aux vivants de garder la leur. D'après eux, cela peut provoquer des troubles psychologiques chez ceux qui ont cette pratique, sans que l'on parvienne à en diagnostiquer clairement la cause. Le rituel de la prise de deuil est important car c'est le seul le moyen de séparer la vie de la mort, dans le respect de la vie et de la mort, et de laisser celui ou celle

qui a fait le grand voyage vers l'au-delà de trouver son lieu de repos éternel.

Le travail de mémoire a remis la question de la prévention au cœur de la discussion. Il faut se remémorer pour tirer des leçons et apprendre à anticiper en prenant les mesures appropriées. « *Le travail de mémoire permet le travail de prévention. Se souvenir pour ne pas répéter les mêmes erreurs, pour modifier les mauvaises habitudes, pour prévenir.* » Il faut tenir compte des catastrophes passées et construire une « mémoire préventive » qui, autant que possible, permette d'anticiper ce qui peut être cause de malheur. Le mémorial du parc est aussi le lieu qui inscrit ce travail de mémoire dans la durée.

*« Nous, Haïtiens, Haïtiennes, on ne se sert pas du passé, on n'en voit pas l'importance. Aujourd'hui, le tremblement de terre est déjà loin dans notre mémoire. »*

*(Un participant)*

## SYNTHÈSE DES ÉCHANGES

Les participants ont apprécié la visite guidée du mémorial et les explications qui leur ont été fournies sur l'agencement du lieu, le parcours, le jardin, les tombes, la bannière. Il existe aujourd'hui dans leur quartier un lieu du souvenir des disparitions massives du tremblement de terre du 12 janvier 2010. Dans sa dimension symbolique le mémorial a redonné aux morts et aux vivants une dignité. Il est important de signaler que l'idée de transformer l'un des sites du parc de Martissant en mémorial est née des discussions engagées dans les espaces de parole qui ont suivi le tremblement de terre.

Au cours des sessions, les questionnements ont beaucoup porté sur les notions de disparition, de fonction symbolique et du travail de deuil. Cela ne s'est pas fait sans difficulté, car il fallait mettre à distance les effets encore prégnants du tremblement de terre et, en même temps, parler constamment de la mort. Il a fallu insister sur le temps nécessaire au processus de deuil, processus d'acceptation de la mort. En éveillant le souvenir des rituels ayant cours dans certaines régions du pays, les participants, sensibles au culte et au respect des morts, ont ressenti une pointe de nostalgie, car, dans leur quartier de Martissant, il n'est pas toujours possible de pratiquer ces rites tels qu'ils le devraient, les conditions de vie et l'exiguïté de leur espace urbain ne le permettant pas.

Le mémorial est encore inachevé, mais déjà il accueille chaque jour un nombre important de visiteurs attirés par la tranquillité des lieux et la sérénité qu'inspire le jardin. Il reste encore tout un travail pédagogique à faire pour inculquer, aux jeunes surtout, le respect qu'ils doivent à ce lieu du souvenir, et la notion des règles à suivre dans l'utilisation de l'espace public en général, et de celui-ci en particulier, pour ce qu'il représente par rapport à la catastrophe du 12 janvier 2010 qui a ébranlé les assises mêmes de notre société.

## GLOSSAIRE

**Cimetière** : lieu physique et symbolique, où les restes des morts sont enterrés.

**Disparition** : ne plus être visible, ne laisser aucune trace.

**Funérailles** : cérémonie solennelle en l'honneur d'un mort.

**Fosse commune** : trou creusé en terre, où sont déposés en même temps et parfois en vrac, plusieurs cadavres.

**Incinération** : opération par laquelle un cadavre est réduit en cendres.

**Mémoire** : faculté psychique qui permet de conserver et de rappeler à la conscience des actes et paroles du passé qui n'ont pas sombré dans l'oubli.

**Mémorial** : lieu ou monument créé en hommage et en souvenir de personnes disparues.

**Rituel** : ensemble de rites, de pratiques, d'usages réglés fixés par la tradition et mis en œuvre au cours d'une cérémonie.

**Sépulture** : lieu où est inhumé le corps d'une personne morte (fosse ou tombe)

**Symbolique** : représentation dans l'imaginaire d'éléments culturels de haute importance.

**Travail de deuil** : processus par lequel se produit peu à peu dans le temps, l'acceptation de la mort d'une personne chère.

**Travail de mémoire** : travail de la pensée qui consiste à évoquer des événements du passé pour se remémorer, et éventuellement en tirer des leçons utiles au présent et au futur.











## **ESPAS PAWÒL**



## ALA PAPÒT

Depi nan premye moman Fondasyon Konesans ak Libète-FOKAL te tanmen gwo pwojè kreyasyon Pak Matisan an, gen yon seri kesyon li pa t manke poze tèt li sou byenfonde pwojè sa, tankou : eske nan katye Matisan an, li posib pou kreye, yon pak piblik ki gen anpil valè istorik ak senbolik ladan l, alòske katye sa se youn pami sa sèvis piblik yo plis neglije, menm kant li rete katye Pòtoprens ki pi enpòtan dapresavwa se li menm ki pi gran, ki gen plis moun ladann ?

Eske sa fè sans pou nan katye Matisan sa a, nou eseye sove dènye espas bwaze ki egziste nan Pòtoprens, pou fè l tounen yon jaden botanik piblik, ki pou ofri tou plizyè espas pou edikasyon ak kilti nan benefis abitan nan zòn lan ?

Eske popilasyon Matisan an k ap viv nan kondisyon lavi ki sitèlman difisil pare pou li asepte pwojè pak la, travay ladan l nan tout faz li yo, lè fini revandike l kòm pwojè pa l ?

Nan vil Pòtoprens lan ki preske fin detwi, eske rèv pou nou kreye yon espas ki bèl, ki agreyab, ki respekte dwa sitwayen, yon espas lwazi, edikasyon ak lasyans, kapab reyalize nan katye Matisan an, ki toujou rete nan tèt anpil moun tankou yon zòn san fwa ni lwa ?

Liv n ap prezante jodi an, se yon temwayaj ki vle bay repons pozitif sou tout kesyon sa yo. Depi lè Gouvènman Ayisyen an te siyen kontra ak FOKAL pou li kreye epi jere Pak Matisan an, FOKAL te mezire wotè defi li te gen devan l pandan l t ap kalkile valè travay l ap gen pou l fè. Men sa ki te pi enpòtan pou li se te patisipasyon rezidan katye Matisan an nan pwojè pak la, yon fason ki montre kouman yo dakò avè l.

Liv sa se rekèy pawòl rezidan sa yo, yon latriye fanm ak gason ki pandan plis pase twa zan patisipe san fòse nan « espas pawòl yo », yon espas rankont ak diskisyon kote yo te kapab esprime yo san kontrent sou fason y ap viv nan katye Matisan an, sou absans Leta ak sèvis piblik yo, sou laperèz sitiyoasyon vyolans lan kreye nan katye an depi sitèlman lontan, kifè lavi sitwayen yo vin pi difisil. Nan kòmansman, yo pa t vle kwè pwojè pak sa t ap fèt tout bon vre nan katye an, yo te gen dout sou sa, yo te vle asire yo se pa yon pale met la ki te vin tonbe sou yo ankò. Men apre kèk tan, lè yo reyalize pwojè a te kòmanse pran fòm, yo esprime lespwa yo genyen pou pak la kreye yon nouvo dinamik sosyal, ekonomik ak kiltirèl nan katye an.

Liv sa se yon restitasyon li ye tou. Sa vle di, liibliye pou plis pase desan senkant reprezantan òganizasyon baz ak abitan nan katye an ki te patisipe nan espas pawòl yo rekonèt pwòp pawòl pa yo ladan l. Nan lide pou tabli yon kad travay ak òganizasyon nan katye an, FOKAL te kreye yon pwogram ki rele « Enplantasyon kòminotè ». Espas pawòl yo se youn nan aspè pwogram sa ki dire pandan plis pase twa lane, soti 2008 rive 2012. Li te bon pou nou fè yon kanpe, pou nou koute plizyè fwa tout pawòl ki te di pandan tan sa nan chak sesyon, paske tout diskisyon yo te anrejistre ak otorizasyon patisipan yo. Li te enpòtan pou nou restitye pawòl sa yo nan respè sa ki te di nan echanj ki te fèt yo. Liv la prezante tout travay sa nan dis fich tematik.

Nou pa bezwen reprann nan entwodiksyon sa tout prensip ak règleman ki te gide travay dyalòg kominotè ak refleksyon sou sitwayènte espas pawòl yo te reprezante. Chak fich bay kantite esplikasyon sou pwogram lan. Gwo lide ki nan chak fich yo esprime preyokeyasyon rezidan katye an, men lòd nou prezante yo an pa vle di gen youn ki gen plis valè pase yon lòt. Men lis fich yo:

1. FOKAL, katye Matisan an ak pak Matisan an
2. Pwogram Enplantasyon kominotè ak espas pawòl yo
3. Sekirite
4. Salibrite
5. Tranblemann tè ak anviwonman
6. Sèvis piblik yo
7. Òganizasyon baz yo
8. Sitwayènte ak santiman apatenans
9. Sante ak dwa lasante
10. Memoryal pak Matisan an

Kòm yon zouti pedagogik, liv la trete chak fich menm jan, ak menm fòm an. Gwo lide yo prezante an premye sou fòm pwoblematik, lè fini gen pawòl patisipan yo ak yon sitasyon espesyal sou sijè an. An apre, gen yon sentèz ki fèt, an dènye lye gen yon esplikasyon ki bay sou kèk mo kle.

Li pat posib nan yon travay tankou sa pou nou evite menm pawòl yo tounen plizyè fwa. Chak tèm gen arevwa ak youn oubyen plizyè lòt, kidonk li te enpòtan pou tout alevini yo parèt aklè. Se sa ki esplike repetisyon yo. Menm jan an tou, se pa vle FOKAL te vle parèt nan pawòl patisipan yo, men li pa ta korèk pou nou pa kite yo di santiman yo sou travay fondasyon an nan katye an. FOKAL angaje tout bon vre san li pa nan demagoji. Fason patisipan yo esprime yo se yon ankourajman pou FOKAL kontinye pran responsabilite l nan pwojè tou nèf sa.

Espas pawòl yo pata posib san travay Cecile Marotte, yon sikològ ki chaje ak esperyans ki rejwenn ekip FOKAL la an 2008, espesyalman pou pwojè Matisan an. Espas pawòl yo se zèv li. Se li menm ki konsevwa yo, se li menm ki tabli règleman yo, se li menm ki kondui refleksyon an ak patisipan yo pandan plis pase twa lane. Se li menm tou ki koute tout anrejistreman espas pawòl yo pou li te ka pwopoze dis fich tematik yo. Yon gwo mèsè espesyal pou Cécile. Travay li poko fini. Li te toujou di fò patisipan yo rive jwenn restitasyon tout echanj ki fèt yo. Lè liv la pibliye travay sa ap kapab fèt.

Gen twa animatè Cécile Marotte te fòme nan metodoloji espas pawòl yo pou akonpaye l nan dyalòg yo, Rolando Etienne, David Dérosier ak Eddy Robenson. Se yo menm tou ki sèvi kòm lyezon ak katye an nan pwogram enplantasyon kominotè an. Nou remèsye yo pou sa.

Mèsè tou pou Lorraine Mangonès, Direktris FOKAL ak Lucie Couet k ap asiste Direksyon FOKAL la, pou tan yo pase nan lekti ak relekti fich yo. Mèsè tou pou Danièle Magloire ki fè tradiksyon kreyòl tèks sa yo, epi pou Jean Eder Hilaire ki fè bèl mizanpaj liv sa a.

Liv la fèt espesyalman pou patisipan espas pawòl yo. Y ap kapab jwenn nan chak fich yo pwòp dizon pa yo, pafwa motamo, san n pa chanje anyen. Yon pawòl kredib, yon pawòl lavi, yon pawòl lespwa devan chanjman kap fèt yo, tipa tipa. Se sitou yo menm ki merite remèsiman nou yo. Nou pibliye nan de anèks ki nan dènye paj liv la, lis òganizasyon ak blòk nan katye Matisan an ki patisipe nan espas pawòl yo.

Men, liv la ekri tou pou tout lòt moun Matisan oubyen moun lòt kote ki enterese nan demach nou tabli pou mete ansanm divès sektè nan sosyete an pou konstwui yon pwojè ki gen anpil valè, yon sosyete ki jis jounen jodi toujou pote yon gwo mak fabrik divizyon sosyal ak kiltirèl.

*Michèle Duvoivier Pierre-Louis*  
*Prezidan FOKAL*

# FICH 1

**FOKAL,  
PAK LA AK KATYE MATISAN AN**

## SITIYASYON KI BAY PWOBLÈM LAN

29 jen 2007, yon arete prezidansyèl vin dekrete itilite piblik 4 pwopriyete prive ki tabli nan mitan Matisan. Sa vle di, pwopriyete prive sa yo vin tounen byen Leta, osèvis peyi a. Deklarasyon itilite piblik la fèt nan lide pou pwoteje yon zòn ki byen bwaze nan Pòtoprens, epi pou fè l tounen yon pak natirèl k ap gen ladan l yon jaden botanik kise yon espas yo plante, rasanble, idantifye, ekspoze divès kalite plant, pyebwa ak flè pou vizitè vin aprann. Pwopriyete sa yo, ki sou 17 kawo tè, te rive chape anba vyolans ki te sakaje Matisan pandan 30 lane ki sot pase yo. Arete a prevwa pou nan viwonn pak la gen yon Zòn amenajman konsète (ZAK), ki vle di, yon zòn kote, nan chita tandè ak pale, bon jan dispozisyon kapab pran pou rive òganize kòm sadwa sèten kote nan katye a.

Nan mwa out 2007, apre lakomin Pòtoprens fin bay akò li nan menm jounal Le Moniteur ki te pibliye arete prezidansyèl la, Leta siyen kontra ak FOKAL kòm enstitisyon ki te anklanche demach pou sove 4 pwopriyete yo. Leta bay FOKAL misyon pou li kreye pak la, jere li, epi fè pwojè ki gen arevwa ak edikasyon, lasyans, anviwònman ak lakilti. FOKAL genyen tou nan manda l, pou l mete an plas divès aktivite, pou l kòdone yo ak konkou moun nan katye a, epi ak patnè li yo.

An 2008, FOKAL lanse yon pwogram ki rele “Enplantasyon kominotè” yon fason pou l fè pwoje a ateri nan kominote a. Nan kad sa, FOKAL mete an plas yon seri rankont ak abitan nan katye an, li rele “Espas pawòl”. Se de moman, kote reprezantan ak reprezantant gwoup de baz nan kominote Matisan an ap rankontre pou yo boukante pawòl ak lide yo sou lavi toulejou nan katye a, pwoblèm ki prezante ak solisyon ki jwenn, epi lespwa yo genyen pou yo viv yon lòt jan. Rankont yo se okazyon tou pou prezante pwojè kreyasyon

pak la, ranmase dizon kominote a, epi bay enfòmasyon regilye sou kouman pwojè a ap dewoule.

Metòd travay espas pawòl yo chita sou ranmase dizon kominote a, sou chache patisipasyon li. Sa pèmèt fè lapawoli mache, nan lòd ak disiplin. Metòd la gen ekzijans li. Li mande pou patisipan yo, gason kou fanm, gen respè youn pou lòt, pou yo toleran epi pou yo pote atansyon yo sou sa k ap diskite an. Objektif boukante pawòl la se pèmèt kominote a konprann pi byen kouman nouvo pwojè a ap evolye nan katye a, dekwa pou li ka patisipe pi byen ; se fè pwojè a tounen zafè pa kominote an, pou li ka benefisyè ladan l tou.

Rankont yo fèt sou yon baz regilye, an ti gwoup. Rankont yo ap chache valorize lide moun yo, yon fason pou pita, moun yo anvi mete ansanm pou reyalize aksyon k ap pote fwi pou kominote a.



*Katye Kokochat nan limit ZAK la, 2009*

Metòd la byen adapte pou rive tabli yon dyalòg anpèmanans, espesyalman nan yon kominote ki pase tray anba divès kalite vyolans. Metòd la adapte, paske l ap chache rekoud lyen andedan kominote an, nan konte sou chak moun kòm sitwayen ak sitwayèn, kèlkilanswa aktivite moun lan te genyen,

kèlkilanswa aktivite moun lan genyen nan moman an. Metòd la adapte, paske l ap chache valorize kapasite moun, epi li konsidere gason ak fi menm jan, kòm moun ki egal ego.

4 pwopriyete ki fòmè pak Matisan an fè pati de ZAK (Zòn amenajman konsète) la. ZAK la menm kouvri apeprè yon douzèn lokalite. Pami yo genyen: Sore, Nan Beny, Lapè, Delwi, Krepsak, Jano, Ti Bwa, Gran Ravin, Siyon, Kajou e latriye. Lokalite sa yo fòmè ofiramezi, an patikilye nan lane 1990 yo, ak moun ki soti sitou nan zòn riral depatman Sid la. Pa t gen okenn plan ki prevwa pou konstwi wout, riyèl, koridò, kay ak mache. Sa fè katye a vin devlope nan yon dezòd tololo. Sa fèt ofiramezi flo moun pwovens yo ap debake, selon plas ki genyen nan bò ravin yo. Epi, sa fèt san preske okenn sèvis Leta pa bay dizon yo sou fason vil la ap devlope an dezòd.

Pwojè pak Matisan an chwazi pou li kolabore ak moun k ap viv nan diferan lokalite yo, pou devlope yon relasyon vwazinay avèk yo. Li te enpòtan pou evite yon pwojè konsa rete san li pa gen rasin nan katye a, san kominote a pa jwenn enfòmasyon dirèkteman sou aktivite k ap mennen yo. Kidonk, pwojè a chache ankouraje patisipasyon kominote a. Biwo FOKAL genyen nan pak la ride devlope relasyon vwazinay sa. Se konsa, pezape, kominote a vin gen enteresman pou divès aktivite pwojè a.

Depi espas pawòl yo kòmase ap fèt, kesyon sila yo parèt : « Ki sa yon pak ye ? Ki sa ki pak Matisan an? Ki wòl FOKAL nan pwojè a? Kouman kominote a ap akeyi koze pak la? Eske pak la ap gen konsekans sou lavi òganizasyon yo, sou lavi moun nan katye a? Kisa ki rele espas piblik? Kisa ki rele byen piblik? ».

Kesyon sa yo te merite fouye. Sa fèt nan ranmase dizon patisipan ak patisipant yo. FOKAL te sètoblize espliche nouvote ki genyen

nan yon pwojè konsa. Reyalize pwojè a depann de volonte tout aktè ak aktris ki konsène yo (Leta, Lameri, òganizasyon nan kominote a). Se pa ti defi piti ki genyen nan pwojè a ki vle: sove yon zòn ki byen bwaze, nan yon vil ki pa gen sa ankò; kreye premye jaden botanik piblik nan peyi a; òganize yon pak natirèl nan yon katye defavorize; mobilize moun, mwayen lajan ak mwayen teknik. Pou rive leve tout defi sa yo, sa mande vizyon, konviksyon ak pèsèverans.

Tèm ki diskite nan espas pawòl yo pa t konsène sèlman pwojè pak Matisan an. Te gen tou tout koze lavi toulejou moun nan katye a. Priorite te bay pou sèten tèm enpòtan ki vin diskite an apre. Diskisyon yo te fèt yon fason ki pèmèt montre makòday ki genyen ant divès tèm yo, epi sa tèm yo gen arevwa ak moun kòm sitwayen ak sitwayèn. Paregzanp, youn nan tèm ki te enpòtan anpil, se te sekirite. Koze sa a pa t ka pale san manyen kesyon move lijjèn, lasante, edikasyon, sèvis Leta, epi responsabilite chak moun ak responsabilite kominote an. Se nan konsa pwojè a travay pou ranfòse relasyon ant kominote an ak sèvis Leta yo. 2 pwojè montre sa byen. Gras a pwojè jesyon fatra nan katye an, pou premye fwa nan listwa katye an, FOKAL rive travay ak SMCRS (Service métropolitain de collecte des résidus solides / Sèvis metropoliten k ap ranmase fatra solid) pou l vin ranmase fatra yo nan katye a. Epi gen pwoje Sante-Dwa a k ap reyalize nan kolaborasyon ak Ministè sante piblik ak popilasyon (MSPP).

Gras a pwojè pak Matisan an epi prezans FOKAL, aprè tranblemann tè 12 janvyè 2010 la, Ajans fransèz devlopman (AFD) vin pran angajman pou peye fè yon etid sou kouman pou ZAK Matisan an amenaje. Ministè travo piblik se enstitisyon ki te reskonsab politik etid la. Biwo franse ki rele ACT Consultants (Akt Konsiltan) te asosye ak yon biwo



ayisyen ki rele LGL SA pou reyalize etid la. Ministè travo piblik te bay FOKAL manda pou fè swivi etid la. Nan biwo FOKAL nan Matisan, divès atelye te fèt sou tèm ki konsène amenajman nan yon vil. Manm òganizasyon ak notab katye a te patispe nan atelye yo.

Listwa pwojè pak Matisan an, se an menm tan listwa kominote a, listwa lavi li, listwa rèv li, listwa avni li.

## PAWÒL PATISIPAN AK PATISIPANT YO

Manm òganizasyon de baz ki patispe nan espas pawòl yo esplikè jan yo te sezi, e jan yo te apresye sa, lè yo wè se lèt yo te resevwa pou envite yo vin patisipe nan wonn pawòl yo. Se konsa yon vin okouran ofisyèlman de pwojè pou kreye pak Matisan an. « [...] FOKAL se yon pon ant kominote an ak pwojè pak Matisan an. Se sa ki fè pwojè a pa parèt tankou yon blòf. Ak biwo FOKAL ki nan Matisan an, ou santi gen yon travay an pwofondè k ap fèt. Kounye a, mwen pa wont di mwen rete Matisan. Se yon zòn lesprwa ak fyète. FOKAL se yon otorite moral nan zòn lan. »

Te gen anpil enteresman pou istwa 4 pwopriyete prive yo ki te tabli depi lane 1950, 1960 yo. « [...] Pwojè pak Matisan an, se istwa pwopriyete prive ki vin tounen pwopriyete Leta, nan lide pou valorize epi pwoteje anviwònman an, epi kreye yon espas piblik. » Patisipan ak patisipant yo wè nan sa yon okazyon, yo pa t menm espere, pou katye a reprann kap nòmal li ke li pèdi depi lontan. « Se pak la ki pral bay moun yo yon renesans, ki pral fè nou reviv, se pa zam ... Se pa zòn nan k ap di ki kalite moun nou ye, se nou menm ki pral chanje katye a. »

Patisipan ak patisipant yo byen note pak la ap yon espas piblik. Pou yo, pi gwo rezilta pou moman an, se FOKAL ki anchaje jere pak la. « FOKAL ba nou sa Leta pa janm panse ofri nou. Menmsi FOKAL pa gen tout konpetans teknik, li gen kapasite pou mete ONG espesyalize ansanm, epi kòdone travay yo. Sèten travay nan pak la mande konpetans teknik espesyal nou pa toujou genyen. Chita tandè nan espas pawòl yo ride nou byen konprann kòz ak konsekans sa k ap fèt yo. »

Kòm yo se manm òganizasyon de baz, patisipan ak patisipant yo byen apresye jan yo te envite yo vini nan espas pawòl yo; mete moun sou kote pa t ladan l. Sa pèmèt òganizasyon yo devlope relasyon youn ak lòt, yon bagay ki pa t fasil avan sa. « Pwojè pak la pèmèt òganizasyon yo konnen youn lòt pi byen. Yo vin santi yo gen lyen antre yo. Pwojè a pèmèt gade katye a yon lòt jan, epi li ankouraje moun k ap viv ladan li montre yo pi vijilan sou koze sekirite a. »

Yo konsidere patisipasyon kominotè tankou yon bagay ki fondamental. « Pak la pral chanje move imaj Matisan. Fòk nou ankouraje kominote a anbake nan pwojè pak la... Pak la pa dwe san kontwòl, san règleman, jan sa ye sou Channmas la ki fè plas piblik sa a vin pèdi eskap figi li. »

Lakontanman fè sèten moun konsidere pwojè pak Matisan an tankou « yon liks, yon lamann di syèl ... Pak la, se pi gwo mirak ki te ka fèt nan katye a. » Sa pa t anpeche gen dout ki pèsiste, malgre bon rezilta ki prevwa pou katye a. « Si pak la rive fèt tout bon, tout bagay ap tounen nan nòmal yo. Si nou vle sa vreman, l ap fèt. Sa klè pou nou, gen yon moman k ap rive kote pak la pral chanje lavi nan katye a, paske n ap rekòmanse ekzije pou Leta ba nou sèvis, epi pou gen pwojè pou kominote a. Pwojè pak la, sa vle di fini ak imilyasyon. Se kat idantite Matisan, se fyète nou nan Karayib la. Pak la, nou tèlman swaf li! »

Aprè yo fin konnen istwa 4 pwopriyete k ap fòme pak Matisan an, patisipan ak patisipant yo te kapab esplike kouman yo wè koze byen prive k ap tounen byen Leta a. «*Pwojè pak la, se nesans yon byen piblik; yon byen ki pou kominote a; ki pou tout moun, ki pa pou yon*

fòmasyon ak atelye ki fèt pou kore espas pawòl yo, pèmèt patisipan ak patisipant yo aprann epi wè pi lwen pou demen. «*Aksyon k ap fèt nan pak la ap ede revalorize katye Matisan an, epi devlope lakay nou sans responsablite n. Se yon nesosite nan yon katye tankou Matisan.* »



*Kanalizasyon yon ravin andedan Pak Matisan an, 2011*

*moun an patikilye. Ki fè, tout moun gen enterè pou defann li. Pak la, se tankou yon devlopman dirab kote se listwa pak la menm ki esplike sa, e se sa tou k ap ede kenbe rasin memwa pak la. » Patisipan ak patisipant yo rekonèt pak la se yon patrimwàn istorik, kiltirèl ak ekolojik. «*Se yon eritaj nan zòn lan ki vin transfòme; se respè pou yon patrimwàn. Pouki sa Leta plede neglije patrimwàn peyi a, pwòp patrimwàn pa l? »**

Tout patisipan ak patisipant yo dakò pou di, gen yon makònay ant kreye pak ak amelyore lavi nan katye a. «*Montre enterè pou pak la, sa vle di montre enteresman pou katye a tou. Se paske pak la ap kreye ki fè pral gen amenajman nan katye a. Se pak la k ap pote amenajman yo, se pa amenajman yo k ap vini ak pak la.*» Sesyon

«*Pwojè pak Matisan an, se yon pawòl k ap tounen reyalite.* »

*(Yon patisipan)*

## **RANMASE LIDE SOU REFLEKSYON YO**

Aktivite espas pawòl yo te pote rezilta nan ride konprann katye a ak lavi toulejou kominote an. Pwojè pak Matisan an pote lespwa. Patisipan

ak patisipant yo esplike sa, nan fason pa yo. Yo di tou yo vle patisipe, selon kapasite yo, nan fè pak la tounen reyalyte. Yo ensiste sou enpòtans biwo FOKAL nan Matisan an genyen, paske li fasilite relasyon andedan kominote an. Sa pemèt moun nan katye a mache kontre, nan yon espas piblik ki byen òganize, pou pale sou sa yo bezwen, ak sou rèv yo. Nan biwo a, gen yon ekip pèmanan k ap travay toulejou epi ki anchaje resevwa moun katye a ak lòt moun ki vin vizite. Yo okipe òganize reyinyon yo, sesyon fòmasyon yo, espas pawòl yo, evalyasyon pwojè yo ak atelye espesyal yo. Responsab administrasyon an, epi responsab pwogram tankou Sante-Dwa ak Jesyon fatra, tabli tou nan biwo a. Annatandan tout lòt aktivite pak la pran chè, biwo a se premye kote ki pemèt moun nan katye an ak tout vizitè yo fè konesans ak pak la.

Ak esplikasyon yo jwenn sou tout demach ki dwe fèt pou rive kreye pak la, patisipan ak patisipant yo rive konprann pwoblèm teknik ak pwoblèm lajan k ap poze yo, epitou konsekans sa genyen sou kantite tan ki nesèsè pou yon aksyon rive nan bout li. Pak la pa fouti konstwi nan yon lane, ni nan 2 lane, ni menm nan 3 lane. FOKAL te esplike sa byen, pou pa kite dout pran pye, epi pou fè konprann pak la ap fèt kanmenm, paske FOKAL pran angajman pou sa, e se yon angajman ki pran tèt frèt, tèt klè. Koze travay kolektif la fè chimen li tou. Manm òganizasyon yo admèt se yon nouvote pou yo, paske yo pa t abitye nan zafè òganizasyon k ap mache kontre youn ak lòt. Menm si sa difisil, yo dispoze rantre nan wonn sa paske yo rete kwe l ap pote fwi pou kominote an. Manm divès òganizasyon yo dwe aprann diskite youn ak lòt, sou pwoblèm ki konsène yo tout, etan yo toujou kenbe otonomi yo. Yo dwe rive monte pwoje kolektif, ki kapab pote bon rezilta pou chak òganizasyon epi pou chak zòn.

Pou sèten moun, pak la se yon mannyè pou chape anba izolman ki se makfabrik katye a depi lontan. Kwaksa, sa pa anpeche gen bagay ki pa fin tonbe daplon nan konpòtman yo. Toujou genyen anpil demann pou ti pwojè. Gen sa ki vle kenbe menm pozisyon yo te genyen nan katye a. Gen presyon k ap bay pou jwenn djòb nan aktivite pak la oswa aktivite katye a. Men kreye pak la mande rantre nan yon demach kote se refleksyon an pwofondè ki pale; refleksyon sou sitwayènte, sou wòl Leta, sou wòl òganizasyon de baz yo. Anpil esplikasyon te blije bay, an divès fwa, pou rive fè konprann yo pa ka konsidere FOKAL tankou yon enstitisyon ki la pou finansye ti pwojè pasi pala, pou yon seri òganizasyon ki pako djanm nan zafè jesyon. Sepandan, FOKAL te konprann enpòtans sèten ti pwoje kapab genyen pou ride apeze epi ranfòse sèten gwoup nan katye a. Sa te fèt etan FOKAL t ap esplike ti pwojè sa yo pa fouti chanje kondisyon lavi tout bon vre, sa ka pemèt regle yon pwoblèm, pou yon tan, se tout. Pwojè pak Matisan an ede moun chanje vizyon yo, paske li tabli sou kesyon sitwayènte, espas piblik ak byen piblik. Sa ede moun nan katye a, manm òganizasyon de baz yo, leve figi yo, rejwenn diyite ak fyete yo.

Patisipan ak patisipant espas pawòl yo deklare yo koumanse wè lavni yo yon lòt jan. Brase lide yo te motive yo anpil. Sa te ankouraje yo pran angajman pou reflechi sou konpòtman yo, pou kontinye fòme tèt yo ak chache enfòmasyon, dekwa pou yo ka patisipe kòrekteman nan lòt etap pwojè a, epitou pou yo devlope solidarite youn ak lòt.

## DEFINISYON KÈK MO KLE

**FOKAL** : Fondation Connaissance et Liberté / Fondasyon Konesans ak Libète. Yon enstitisyon ayisyèn ki fonde an 1995, epi ki fè pati rezo fondasyon Open Society Foundations, ki tabli nan divès peyi.

**Gad chanpèt** : ajan ki anchaje siveye, bay sekirite epi fè respekte règleman pak la. Yon gad chanpèt pa gen zam. Li dwe siyale nan administrasyon an tout briganday ki fèt nan pak la.

**Òganizasyon de baz** : asosyasyon ki tabli nan yon katye. Manm yo sipoze gen enterè komen. Yo reyini regilyèman pou diskite sou pwoblèm kominote an, epi chache ansanm solisyon ki pou pote.

**Pak natirèl**: se yon espas lavil oswa nan zòn riral. Otorite yo bay limit espas la. Ladan li, pyebwa, plant ak bèt anba pwoteksyon lalwa, ki vle di moun pa ka vin pran yo jan yo vle. Yon pak natirèl ka òganize yon fason ki pèmèt akeyi moun ki vin vizite l, ofri aktivite edikatif ak syantifik, oswa lwazi.

**Pak Matisan** : se 4 pwopriyete prive nan Matisan Leta vin dekrete itilite pilik (yo pou Leta, osèvis peyi a). Dekrè ki tabli sou sa a fèt nan dat 29 jen 2007 epi li pibliye nan Jounal ofisyèl peyi a ki se Le Moniteur, nan nimewo 65, ki parèt nan dat 26 daou 2007. Leta ayisyen bay FOKAL manda pou li kreye epi jere pak la. Leta te pase kontra ak Fokal pou 3 zan. Nan lane 2010, Leta renouvle kontra a pou 5 lòt lane jis 2015.

**Plan direktè pak la**: li fèt nan mwa desanm 2010. Plan an montre divès etap ki deja reyalize pou fè pak la, epi tout etap ki rete pou fèt yo.

**Chema amenajman katye a**: chema amenajman an se yon dokiman ki tabli sou kouman pou katye a òganize kòm sadwa. Se yon zouti ki pèmèt mete an plas aksyon epi pran mezi ki konsène moun k ap viv nan katye a. Chema a pran an konsiderasyon rezo vwari ak divès lòt rezo, enfrastrikti, risk, kay. Li pote anpil atansyon sou espas piblik yo.

An avril 2011, biwo ACT ak biwo LGL te ranpòte lamayòl nan apèl d'of entènasyonal ki te fèt la. Mèt travay la se Ministè travo piblik ki te bay FOKAL responsablite fè swivi dosye a.

Biwo ACT ak LGL te òganize an 2011 ak 2012 divès atelye pou moun nan katye Matisan an, pou enfòmasyon yo sou kouman etid la ta pral dewoule, epi pou ranmase dizon yo.

**ZAK** : zòn amenajman konsète. Sa vle di yon zòn kote bon jan dispozisyon pran, nan chita pale, pou rive òganize li kòm sadwa.

Se yon arete prezidansyèl ki defini zòn sa a.

Bòn zòn ZAK Matisan an nan prezante konsa : ravin Broya sou bò ès, ravine Jano sou bò lwès, lanmè sou bò nò epi tèt mòn Lopital sou bò sid.



# FICH 2

## ENPLANTASYON KOMINOTÈ ESPAS PAWÒI



## SITYASYON KI BAY PWOBLEM LAN

Pou reyalize volè «Enplantasyon kominotè» an, nan kad pwojè pak Matisan FOKAL ap jere a, se metòd « espas pawòl » la ki te chwazi. Se yon metòd ki pèmèt tabli bon relasyon vwazinay ak kominote k ap viv nan viwonn pak la. Se yon demach ki favorize chanjman, paske li tabli sou patisipasyon, sou ranmase dizon moun yo, sou boukante pawòl, twoke lide, sou jan kominote a wè katye a ak difikilte li yo, epi sou jan moun yo wè peyi a tou. Demach la pèmèt tanmen diskisyon sou ki sa ki dwe mete an plas pou mennen pwojè a. Metòd espas pawòl la pa gen yon diskou ki tou pare pou pote bay moun. Okontrè, se manm gwoup de baz yo ak notab katye a ki vin diskite ansanm. Gen prensip ki tabli pou mennen diskisyon yo: tolerans, respè youn pou lòt. Moun pale lib e libè sou divès tèm, espesyalman sou sa ki konsène pwojè a, sa l ap pote pou katye a. An menm tan tou, demach la ap chache ranfòse kapasite moun yo ak kapasite òganizasyon yo, paske se yo ki prensipal konsène nan lavi kominote a, nan koze ekonomik, sosyal ak kiltirèl. Koze sa yo enpòtan anpil, lè nou konsidere katye a te viv yon pakèt zak vyolans pandan plizyè dizèn lane. Sa te fè yo konsidere katye a tankou yon zòn òlalwa. Epitou, sa te fè moun katye a vin ap viv nan izolman epi pote move non.

Espas pawòl yo demare an out 2008, nan biwo FOKAL genyen nan Matisan. Moun lokalite ki nan viwonn pak la te jwenn lèt envitasyon pou vin patisipe nan rankont yo. Rankont yo te fèt 2 fwa nan yon semenn, pandan anviwon 3 zèd tan. Anvan sa, biwo a te mande òganizasyon de baz yo vin enskri. Sa te pèmèt kòmanse konnen òganizasyon nan zòn lan, esplike yo travay ki ta pral fèt la. Konsa, ofiramezi yon lis òganizasyon vin tabli e, se dapre jan non yo parèt sou lis la, envitasyon yo vin fèt pou yo patisipe nan espas pawòl yo.

Espas pawòl yo tabli sou yon seri prensip ak angajman. Prensip sitwayènte a enpòtan anpil, kidonk tout patisipan ak patisipant gen enpòtans ; devalorize moun pa ladann, kidonk tout moun ki enskri dwe jwenn plas li, san yo pa mete l sou kote poutèt sa li ye (diskriminasyon). Espas pawòl yo genyen tou règleman sou konpòtman moun. Konsa, pawòl vyolans ak tout lòt kalite fòm vyolans pa landann. Anjeneral rankont yo fèt ak 12 moun. Pa gen zafè bay moun lajan oswa lòt bagay poutèt yo vin patisipe nan yon rankont. Se volonte yo ki mennen yo patisipe.

Chak gwoup patisipe nan 5 seyans kote gen yon tèm ki pwopoze. Tèm yo te marande ak koze ki konsène kreyasyon pak la. Tèm yo te pran tou an konsiderasyon evènman ki te make lavi pak la ak katye a. Tranbleman tè 12 janvye 2010 la, se evènman ki te pote plis dram. Kèlkilanswa tèm lan, moun te kapab pale lib e libè. Espas pawòl yo fèt sou yon baz regilye, pandan plis pase 3 zan. Rankont yo kontinye fèt malgre gwo difikilte ki te genyen nan sèten moman tankou : gang ki rekòmanse ap simen latroublay, siklòn, boulvès peryòd eleksyon, tranbleman tè. Deske espas pawòl yo te kontinye malgre difikilte sa yo, sa montre detèminasyon sila k ap fè pwomosyon pak la genyen pou pou fè l tounen reyalite. Pari ki te fèt la, se louvri yon espas kote mache kontre ap fèt ant moun ki pa gen abitud fè sa, moun k ap sibi tout kalite pwoblèm akòz diskriminasyon. Pwoblèm ekonomi enfòmèl, chomaj, lamizè, analfabèt, vyolans, relijyon ki tounen yon refij, elatriye. Demach espas pawòl la te adopte paske li chita sou boukante pawòl, twoke lide, koute lòt. Lè patisipan ak patisipant yo gen posiblite pou deklare sa ki fè yo mal, sa ki ba yo tèt chaje, sa yo santi, sa yo espere, sa pèmèt yo devlope konsyans yo epi, pi devan, sa ap favorize yo emansipe tèt yo kòm moun, kòm kolektivite. Sepandan, demach la pa janm bliye jan moun nan nati imèn li rete



*Patisipan yo pandan yon espas pawòl, 2009*

frajil, li ka chavire, chanje bò epi rive fè pwogrè ki te fèt yo kapote, fè n fè bak anaryè.

Espas pawòl yo ede diminye tansyon nan kominote a. Deske yo te kapab rankontre pou diskite, koute lòt, fè tandè vwa yo, kritike, di dout yo genyen, san pèsonn pa voye yo jete oubyen gade yo mal, sa te pèmèt moun nan katye yo rejwenn respè tèt yo, respè youn pou lòt; yon bagay ki fondamantal pou patisipasyon sitwayèn. Seyans espas pawòl yo te makonnen ak de seyans fòmasyon sou divès sijè tankou sitwayènte, aksyon sivik, byen piblik, sèvis piblik, dwa fanm, wòl lameri, wòl ASEK ak KASEK yo.

Pou ride amelyore kondisyon lavi a epi pou ankouraje sèten asosyasyon gen lidèship nan zòn yo, pwogram enplantasyon kominotè a te finanse kèk ti pwojè. Konsa, FOKAL ede relanse atizana, ti biznis, aktivite espò ak kiltirèl. Li konstwi tou kèk enfrastrikti tankou eskalye, ti pon, elatriye. Fokal finanse tou yon pwogram bous pou soutni 150 elèv, gason ak tifi, nan 10 lekòl Matisan. Pwogram lan fè

pwomosyon pou bon pèfòmans nan lekòl, etan l ap ede fanmi ki gen pwoblèm ekonomik yo.

## PAWÒL PATISIPAN AK PATISIPANT YO

Sa ki plis fè patisipan ak patisipant yo espantan, se konstate jan rankont yo pèmèt youn dekouvri lòt, devlope konesans youn ak lòt. Nan sèten ka, rankont yo ede relasyon tabli ant manm divès òganizasyon. «*Espas pawòl yo pèmèt nou gade lòt yo yon lòt fason. [...] Espas pawòl yo pèmèt òganizasyon nan katye a rankontre, fè konesans. Se te okazyon pou yo chita pale, chita tandè ansanm.* »

Patisipan ak patisipant yo esplike jan sa te enpòtan pou yo, pou kominote yo, deske yo te jwenn yon kote fiks pou yo chita pale. Apa kèk ti bout teren espò pou jèn yo, oubyen legliz, pa gen espas rankont nan katye a. «*Pwojè a ofri nou yon kote pou nou rankontre, pou*



*nou diskite, pou nou aprann. Libète lapawòl te total. Nou te ka di dout nou genyen, nou te ka kritike. Rankont yo pèmèt libète lapawòl, pa sèlman sou koze ki gen arewa ak pwojè a. »*

Nan espas pawòl yo, tan te pran pou esplike kouman pwojè Matisan an ap vanse nan domèn teknik. Sa te ede konprann difikilte yo epi gen plis pasyans parapòta tan travay yo pran. «Espas pawòl yo se yon kote ki toujou ap bay esplikasyon sou divès etap pwojè pak Matisan an, kit se sou finansman, kit se sou aktivite. Espas pawòl yo ede, piti piti, chanje mantalite yo. Yo pèmèt konprann sa k ap fèt nan pwojè a; yo pèmèt konprann kouman solisyon piblik ranplase solisyon prive, kouman planifikasyon enpòtan. Sa pèmèt moun ki patisipe yo transmèt bon jan enfòmasyon.» Se konsa, nan espas pawòl yo, patisipan ak patisipant yo vin konprann istwa 4 pwopriyete prive byen bwaze yo ki vin fòme pak Matisan an. Yo vin konprann tou kouman chanjman an fèt pou fè pwopriyete prive yo vin tounen byen Leta epi yon espas piblik.



*Afich òganizasyon FOCUD pou yon pwojè kouran, Fontamara, 2009*

Sa te klè pou patisipan ak patisipant yo pwojè pak Matisan an te pran kominote a an konsiderasyon, epi se pa t bèl pawòl ase. Yo te note tou jan espas pawòl yo te ede devlope relasyon ant asosyasyon yo. Sa te pèmèt diminye tansyon ki genyen nan katye a, an patikilye depi epòk 2003 ak 2007 yo. «Pwojè pak Matisan an, se yon pawòl ki tounen reyalite epi ki pèmèt kwape vye imaj negatif ki te genyen sou òganizasyon de baz Matisan yo. Espas pawòl yo montre se la pawòl ki ranplase vyolans. Sa pèmèt nou konprann pi plis, se pa zam ki konte. Sa ki enpòtan, se mete men pou aksyon koumanse reyalize. Menm si rezilta aksyon yo pako parèt aklè, kanmenm yo ede mete lòd nan konpòtman yo, epi sa evite nou pèdi kap nou. Sa fè nou sispans pè. »

Anfen, pou patisipan ak patisipant yo, espas pawòl yo ak seyans fòmasyon yo fè yo jwenn enfòmasyon ak lakonesans. Sa ki pèmèt yo soti nan yon pakèt kwayans ki pa t koresponn ak reyalite yo. «Isit la, sa ki pale, se koze ki tonbe daplon ak yon sije. Isit la, menm si ou dwe tann, ou toujou jwenn fòmasyon. Espas pawòl yo bay opòtinite pou idantifye ak aksepte sa mwen pa konnen. Espas pawòl yo, se soti nan pawòl vag, se pote presizyon, se byen konprann tout devire tounen yon koze. »

«Vini nan chita pale, pou pran enfòmasyon, pou fòme tèt ou, se kòm si ou te swiv yon tretman terapi. Nou pa t abitye ak sa. Pa gen kote pou fè sa. Ou ka pale sou kenpòt sije ou vle.»

(Yon patisipan)

## RANMASE LIDE SOU REFLEKSYON YO

Patisipan ak patisipan yo te byen adopte metòd espas pawòl yo. Dèske yo te gen libète lapawòl, dèske yo te ka koute yo epi respekte yo, sa pèmèt patisipan ak patisipan yo soti anba izolman ak lonje dwèt sou yo. Yo te byen konprann demach la t ap pèmèt yo pran plas yo nan kominote Matisan an, yon fason pou yo ka rive patisipe nan siksè pwojè kreye pak la. Yo te klè tou sou fason demach la te pran an kont tout dimansyon lavi yo, kote yo te konsidere yo kòm sitwayen ak sitwayèn tankou tout lòt. Pou sèten moun, se te premye fwa yo te trete yo konsa. Enterè patisipan ak patisipan yo te montre pou rankont yo, jan yo te regilye ladan yo, tout sa ede rapwoche divès asosyasyon ki te plen mefyans youn pou lòt. Espas pawòl yo ede relasyon ant asosyasyon yo vin nan nòmal yo, kote youn kapab boukante pawòl ak lòt. Yo kore relasyon ak ekip FOKAL la tou. Epi, sa ankouraje refleksyon sou pwojè pak la, sou listwa moun yo nan kominote a, sou lide yo genyen pou demen.

Espas pawòl fè eko sou pwoblèm katye a. Ak akèy ki bay nan biwo FOKAL nan Matisan an, espas pawòl yo vin yon espas louvri, kote rankont, echanj ak diskisyon ka fèt.

Patisipan ak patisipan yo te byen konprann ke espas sa a, ki mete lapawòl annavan dapre règleman ki tabli, te ankouraje yo mache kontre ak lòt moun epi poze tèt yo kesyon sou fason yo wè lavi a. Pwogram enplantasyon kominote a te derefize apwòch tradisyonèl yo. Ofiramezi y ap vini nan espas pawòl yo, patisipan ak patisipan yo rantre nan lide pak la, e sa pèmèt yo ranmase karaktè yo kòm moun ka p viv nan Matisan. Sa te fè yo konprann tou, fòk gen chanjman ni nan konpòtman pèsònèl, ni nan konpòtman kolektif.

Dèske yo soti nan izolman, sa fè moun nan katye a vin santi y ap patisipe nan lavi kominote a. Pak Matisan an, se pral pak pa yo. Sa ba yo fyète. Men tou, sa mande pou yo pran responsablite yo.

Espas pawòl yo pèmèt poze pwoblèm relasyon moun ak moun, ki vle di rekonèt lòt ki anfas la, nan kote li sanble ak ou, nan kote li diferan. Se sou baz sa ka genyen santiman solidarite ak konpreyansyon youn pou lòt. Dekouvri lòt la, se rekonèt li la tou, se aksepte viv pwòch ak li nan respè youn pou lòt.

## DEFINISYON KÈK MO KLE

**Alterite** : se rekonèt epi aksepte lòt yo ki pa menm avèk ou.

**Fè deba** : se twoke lide ak lòt la, etan w ap asepte li ka pa panse menm jan ak ou. Se diskite sans vyolans. Fè deba pa egal goumen.

**Fè echanj** : se pote lide bay lòt la, epi aksepte resevwa lide lòt la. Egal, se twoke lide youn ak lòt, etan youn ap pote atasyon sou sa lòt la ap di.

**Koute** : se tandè ak atasyon sa k ap di a. Tandè ak koute pa menm.

**Emansipasyon** : se aksyon pou vin youn moun lib, pou soti anba lobedyans lòt moun, pou soti anba blokaj moral oswa sosyal.

**Espas pawòl** : se yon metòd pou pèmèt mache kontre, twoke pawòl, boukante lide fèt nan yon kominote, ant moun, ant òganizasyon. Se yon fason pou favorize echanj fèt, dekwa pou rive idantifye pwoblèm ki komen yo, kòz ak konsekans pwoblèm yo epi, sèten fwa, pou jwenn ansanm solisyon ki tonbe daplon ak sikonstans yo. Metòd la mande pou respekte lòt la, respekte sa li di. Metòd la pa tolere okenn pawòl vyolans.

**Eksklizyon** : se mete moun sou kote, pa akespte yo, izole yo, pa konte sou yo.

**Entolerans** : konpòtman agresif ki kapab devlope lè lòt moun pa pataje menm lide oswa menm kwayans.

**Majinalizasyon** : se mete moun sou kote, voye moun nan rakwen anndan sosyete a, parapòta Leta, elit yo. Se kapab tou pozisyon yon moun chwazi genyen pou li rete arebò sosyete a.

**Pale** : sèvi ak mo pou di sa ki nan lide ou, fè konnen sa ou santi, sa ou panse, pou kominike ak lòt moun.

**Rankontre ak lòt** : se lè moun twouve yo menm kote ak de lòt moun, epi yo fè konesans. Se tabli relasyon zanmitay oswa relasyon sosyal.


**Stigmatizasyon** : se lonje dwèt sou yon moun, yon gwoup moun oswa yon kominote, pou denigre yo. Se pote blam sou yo an piblik.

**Tolere** : se aksepte pou lòt moun panse oswa aji yon fason ki pa menm ak pa w. Se pa entèdi, pa bloke. Se montre konpreyansyon.

# FICH 3



## SEKIRITE



## SITYASYON KI BAY PWOBLÈM LAN

Pandan preske 20 tan, enskirite brase bil Matisan. Anplis anpil viktim li fè, enskirite a lakòz yo lonje dwèt sou katye ak sou moun k ap viv ladan l, sa ki vin fè yo vin plis izole. Vyolans sa a, se makfabrik anpil katye popilè. Politisyen konn sèvi ak vyolans sa pou bay presyon epi regle zafè pa yo. Konsa tou, vyolans lan konn makònen ak koze trafik



*Katye Sore, yon ti ranpa ki fèt devan antre kay la pou anpeche inondasyon*

gwoup mafya entènasyonal yo. Nan zafè chache anpèmanans lajan ak zam, gwoup ame yo prezante tèt yo tankou sèl bowòm nan yon ti zòn. Yo pa aksepte pou lòt gwoup ame parèt, e lè sa rive, goumen mete pye antre yo. Se popilasyon an ki peye konsekans yo ak lanmò, vòl, kadejak, dife. Li difisil pou lapolis rive kwape bandi sila yo, malgre tout jefò ki fèt, espesyalman nan sèten epòk kote vyolans lan dechennen. Lè konsa, sa mande pou gen operasyon ak gwo frap. Vyolans sa a charye enskirite nan lavi toulejou, kote se kase kay ak biznis, rakèt ak tout lòt kalite krim ki gen lavwa ochapit nan Matisan.

Depi diktati Duvalier yo kapote nan lane 1986, se tanzantan moun Matisan ap asiste oswa ap viktim ti dife boule vyolans; anjeneral se klima politik la ki donnen vyolans lan. Mòd vyolans sa pa frape Matisan sèlman. Tou dabò, nan

sèten katye Pòtoprens ak lòt zòn nan peyi a, te gen operasyon dechoukay patizan ansyen rejim lan. Annapre, vyolans soysal ak politik la vin pran lòt vizaj pandan 15 zan apre diktati a. Yo rele epòk sa a « tranzisyon demokratik ». Se yon epòk ki gen pou makfabrik koudeta lame ak eleksyon rate.

Se apati 1994 vyolans nan vil yo vin pran yon vitès siperyè ak zak gang ame yo. Sa aji sou lavi toulejou anpil sektè nan popilasyon an, espesyalman nan Pòtprens. Gang yo enstale baz nan katye tankou Matisan, Site solèy, Delma 2, Jalouzi, elatriye. Yo mennen aksyon yo nan katye yo ak nan nenpòt ki lòt zòn. Zak ki pi kouran e ki plis terib la, se kidnaping lan, kote gang yo mande lajan pou yo libere yon moun yo te dappiyan. Trè souvan yo tòtire viktim yo, vyole yo oswa touye yo. Polis nasyonal la travay ak fòs etranje ki se Minustah (Minista – Misyon Nasyonzini pou estabilize Ayiti) pou eseye fè fas kare ak bandi yo. Operasyon pou demantle gang yo montre gen makònay ant bandi yo ak lòt sektè ki gen mwayen lajan. Kwaksa, li difisil pou byen idantifye tout sous ka p bay gang yo zam, minisyon ak lajan. Tout jan, sa parèt aklè gang yo pa aji sèlman pou pwòp tèt yo. Divès rechèch ki fèt sou vyolans nan vil yo, an Ayiti ak aletranje, montre sa byen.

Nan lane 2008, FOKAL demare ak pwojè Matisan an. Reyinyon piblik ak vizit katye te fèt pou enfòmè kominote a. Koze enskirite a te parèt alapapòt kòm yon tèm santral nan diskisyon yo, nan sesyon fòmasyon yo ak nan espas pawòl ki te reyalize ak manm kominote a epi ak òganizasyon yo. Pou sèten patisipan ak patisipant, se kòmki dire lavi nòmal nan katye a te sètobliye pran yon kanpo pandan plis pase 20 tan, san pèsonn pa t ka rive wè kouman pou soti nan mera sa. Kwak pifò moun te swete lavi katye a reprann kadans nòmal li, sa te mande toudabò pou

debarase ak laperèz ensekirite toulejou a te mete nan kò ak nan lespri moun.

Pou pwojè Matisan an te rive pran chè epi devlope, sa te ekzije pou gen yon minimòm sekirite nan katye a, epi pou relasyon retabli ant lokalite yo. Pou kondwi pwojè a, fòk ekip FOKAL yo te kapab sikile chak semenn nan zòn lan. Anplis de sa, pou yon jou moun ka vin vizite pak la, fòk yo konnen yo kapab pase nan katye a san danje; fòk yo gen posiblite pwomennen, admire bèlte anviwonman natirèl sa, san yo pa sibi okenn atak. Kidonk, poze anpatan pwoblèm ensekirite a, sa te tou vle di mande patisipan ak patisipant nan espas pawòl yo, mande moun ki rete nan katye a, pou yo klè sou responsablite yo epi pou yo montre detèminasyon pou lite kont ensekirite a. Demach sa, favorize yon priz konsyans kòm sitwayen ak sitwayèn, epi fè moun yo santi se yo menm ki reprezante katye a tou.

Prezans tout bon sèvis piblik yo, se yon bagay ki fundamental pou kenbe sekirite nan katye a. Se prezans sèvis piblik tankou : Polis nasyonal d Ayiti, Ministè travo piblik, transpò, kominikasyon ak enèji, espesyalman atravè Elektrisite d Ayiti, Direksyon nasyonal dlo potab ak asenisman, Sèvis antretyen ak ekipman iben ak riral, Sèvis metropoliten pou ranmase fatra solid. Pou sèvis sa yo reyisi fè travay yo byen nan katye a, sa mande pou gen yon travay kominotè ki fèt.

Nan echanj ak refleksyon sou ensekirite a, kesyon ki plis parèt se zak vyolans bandi ak gang ame yo, epi kesyon ensekrite jeneral ki genyen nan katye a. Anpil pwoblèm anviwonman vin poze akòz kay ki frajil, akòz fason yo konstwi sou tè ki bò ravin yo kote ki pa ta dwe janm bati. Glisman teren fè kay vide atè epi kòz lanmò. Siklòn ak tranbleman tè fè gwo ravaj. Absans oswa mankman sèvis piblik yo charye divès kalite

aksidan tankou moun ki pran nan kouran, dife, maladi, elatriye. Parapòta sa, epi apre echanj fèt sou koze a, FOKAL mete an plas 2 pwogram, pwogram jesyon fatra ak pwogram sante-dwa. Sa pa anpeche kesyon anviwonman a rete yon pwoblèm grav pou katye a ak pou tout rès peyi a.

## PAWÒL PATISIPAN AK PATISIPANT YO

*« Nou tout viktim pandan 5 kan. Depi w te di Matisan, se kòm si ou te enfekte! ».*

Pou pwojè pak la reyalize, tout patisipan ak patisipant yo te dakò pou rekonèt fòk ensekirite a bout. Demaraj pwojè a vin koresponn ak yon moman kote dòz ensekirite a te bese. Sa te fasilite biwo FOKAL la louvri pou popilasyon an, epi fè vizit nan zòn pak la. *« Fòse pou gen sekirite, se derefize aksepte zak k ap fèt yo, epi se pale de pwojè pak Matisan an. Sekirite, se lè kominote an mete men pou pwojè a reyalize. »* Priz konsyans nan kominote a ak espas pawòl yo pa kapab pou kont yo fè ensikirite a fè bak. Men, deske pwojè a ankouraje pale sou koze a, sa te pote yon apèzman jeneral nan katye a. Mete sou sa, nan fen ane 2007 la, Leta te mennen anpil aksyon kont gag ame yo, espesyalman nan kaye kote nivo kriminalite a te pi wo. Sa te pote fwi, menm si tanzantan bandi yo reparèt.

Refleksyon te fèt sou mwayen ki ta kapab ankouraje patisipasyon kominote a. Gen yon pwopozisyon ki soti an divès fwa, se fòme komite katye oswa brigad vijilans. Pwopozisyon sa yo pa t retni akòz risk yo gen ladan yo : ajan k ap travay lanwit nan pak la ki ka vin sou kontwòl bandi, ta ka parèt tankou yon gwoup

paralèl ak lapolis. Repons ki te parèt pi enteresan an e ki te gen plis chans dire, se fè òganizasyon zòn nan travay ak sèvis Leta yo. Òganizasyon yo sansè reprezante kominote a, epi pou pifò moun yo, sekirite se kondisyon ki nesèsè pou aktivite reprann nan katye a, pou lavi an sosyete



*Poto kouran sou wout Dal*

rekòmanse. « Popilasyon an dwe konnen kouman pou li aji. Òganizasyon yo dwe ede popilasyon an paske sa konsène l dirèkteman. Anviwonman gen kote natirèl li ak kote sosyal. Anaparans gen kalmi men gwoup yo pa ase òganize. Nòmalman se ta wòl yo pou asire sekirite nan katye a. »

Izolman ak laperèz parèt souvan tankou atitid ki ranfòse santiman ensekirite a, ki ba l jarèt epi ki rann moun pi frajil. « Gen twòp bagay nou pa konnen, fòk nou soti nan eta sa. Si yon moun di

akòz ensekirite li pa ka sòti, li pa kapab ale achte manje, ale etidye, li pa ka rantrè lakay li aswè, epi sa pa aji sou li, moun sa pa moun, li pa imen. Lè moun ak zam t ap pase devan m, mwen te santi mwen gen tout kalite maladi. Se tankou mwen te deja nan sèkèy mwen. »

Tout patisipan ak patisipant yo pale sou nesèsite pou yo mete tèt yo ansanm pou chache bon jan solisyon; reflechi sou yo epi aplike yo. « Sekirite egal sitwayènte. Nou pa gen sekirite paske nou pa vle mete nou ansanm. Nou pè pran angajman kolektif. »

2 lòt fenomèn ki soti kòm sous ensekirite se sèvis piblik ki pa prezan nan katye a, epi zafè pa gen règleman sou kouman pou bati kay. « Ensekirite fizik, kay, wout, se rezilta inaksyon Leta ak iyorans popilasyon an. Si ou pa konnen gen danje, ou pa ka prevwa katastwòf, epi ou pa ka pran bon jan desizyon. Se wòl Leta pou li bay siyal sou koze sa yo. »

Patisipan ak patisipant yo ensiste anpil sou enpòtans edikasyon famiyal pou timoun yo. Yo konstate sityasyon ekonomik fè paran yo deyò tout tan. Akòz sa, timoun yo lage pou kont yo, epi lè konsa yo ka viktim manipilasyon, move enfliyans. « Ensekirite a se rezilta tou demisyon paran yo kap viv nan sityasyon difisil. Lafanmi fin depatcha. Timoun yo lese a yo menm. Lekòl konplete men li pa ranplase edikasyon famiyal. Mankman nan edikasyon famiyal, sa a tou se yon sous ensekirite. Timoun yo grandi san gid epi jèn yo pa jwenn fòmasyon pwofesyonèl. »

Sepandan, preske tout patisipan ak patisipant yo te tonbe dakò pou di lamizè ak chomaj pa toujou bay movèz kondwit, pa oblije moun ale dèyè lajan fasil, zam, oswa tounen chèf gang. « Mwen pa kwè mesye k ap fè vyolans yo se paske yo pa gen lajan. Gen moun ki nan mizè dènye eta e poutan ki kenbe eskap figi yo, ki pa ale dèyè zam. Mesye nan gang ki plis mechan yo, se pa

*moun ki nan mizè. Si ou ale lakay yo, w ap wè sa. »*

Anjeneral, patisipan ak patisipant yo deklare li ijan pou jwenn apèzman sosyal, pou yo soti nan anbyans laperèz la ki bloke fonksyonman lavi toulejou. Yo kenbe tenn fas pou di, pwojè pak Matisan an se youn nan kòz kalmi an, sitou paske pwojè a chache kolaborasyon kominote a. « *Apèzman sosyal, se sekirite nan katye yo, menm si aktivite pak la ap vanse lantman.* »

**« Se pa espas ayisyen an ki pwoblèm nan, se nou menm ki pwoblèm nan!**

*Sekirite ta dwe rezilta imaj òganizasyon nan katye a ak sansibilizasyon sitwayen ak sitwayèn yo. »*

*(2 patisipan)*

## RANMASE LIDE SOU REFLEKSYON YO

Kesyon sekirite a parèt alapapòt tankou yon kesyon ki sansib e ki fondamantal pou patisipan ak patisipant yo. Se sekirite ki se kondisyon pou pwojè pak Matisan an reyalize. Se sekirite tou k ap pèmèt katye a reprann yon vi nòmal : sikile lajounen kou aswè, mennen ti aktivite kòmès, frekante lekòl, genyen divès kalite aktivite sosyal ak kiltirèl. Lè gen kalmi nan zafè kout zam k ap tire lajounen kou lannwit, nan atak ak vyolans, sa ede gen lapè d espri. Sa se yon kondisyon esansyèl pou reprann kadans lavi famiyal ak sosyal pifò moun ap chache a.

Diskisyon sou kesyon sekirite a fèt sou divès aspè. Pwojè pak Matisan an parèt kòm yon aksyon ki fasilite kalmi an. Patisipan ak patisipant yo wè pwojè a konsa paske li pèmèt kominote a gade katye a yon lòt fason, epi genyen nouvo motivasyon ak rèv. Dèske dòz vyolans la bese, sa pèmèt sèten aktivite rekòmanse, alòske yo te sètoblaje kanpe akòz zak atoufè yo.

Patisipan ak patisipant yo tonbe dakò pou di li nesèsè pou yo fè alyans ak sèvis Leta yo, espesyalman PNH, dekwa pou sekirite tounen yon bagay estab, nan zòn pak la epi nan tout katye a. Yo ensiste anpil sou enpòtans prezans sèvis piblik yo, pou yo bay limyè, trase ti wout. Lè li difisil pou rive nan yon zòn, epi mete sou sa zòn nan fè nwa, se gabèl pou volè ak bandi yo. Òganizasyon yo pran konsyans sou jan li enpòtan pou yo patisipe nan pwojè kolektif yo, menm si yo pako fin wè klè sou kouman pou yo òganize sa ansanm.

Tout moun te dakò pou di lamizè pa egal tounen bandi. Tout moun ki pòv pa tonbe nan fè zenglendo. Li enpòtan pou fè fòmasyon sou sitwayènte. Sa pèmèt pi byen konprann dwa ak devwa chak moun; sa pèmèt fouye zo nan kalalou; sa pèmèt reflechi sou chanjman ki nesèsè nan konpòtman yo, sou enpòtans pou chak sitwayen ak sitwayèn pran angajman nan kominote yo.

## DEFINISYON KÈK MO KLE

**Lajan fasil** : *lajan ou pa sive pou fè; lajan ki pa legal; lajan chango.*

**Konfyans** : *lè yon moun santi li an sekirite, li alèz ak lòt moun ak lòt gwoup. Li konnen pa gen koken nan relasyon an, pou yo pote li move kou sanzatan.*



**Ensekirite** : sitiyaasyon ki make ak danje ki kapab reyèl, materyèl oswa sosyal. Pa gen limyè, pa gen wout, pa gen sant sante ki pre, danje, tout kalite vyolans.

**Perèz** : lè yon moun enkyè anpil, lè li anba kè sote, kè kase. Se yon koze ki gen arevwa ak mantal moun, ak santiman l. Li difisil pou yon moun metrize tèt li, lè li krenn yon danje oswa yon menas.

**Sekirite** : sitiyaasyon kote ou pa krenn okenn danje, ou pa pè yo atake w, yo volè w, yo vyole w. Ou pa pè gen aksidan, ou pa pè pou gen anviwonman k ap fin deteryore.

**Twomatis**: boulvès nan mantal yon moun apre li sibi yon chòk. Chòk la gen konsekans sou emosyon, sou mantal moun lan, paske li pa t kapab fè fas toutsuit kòm sadwa.

**Vyolans** : britalite fizik oswa mantal ki fèt ak raj sou yon moun oubyen plizyè moun.

# FICH 4


**PWÒPTE AK SALIBRITE**



## SITYASYON KI BAY PWOBLÈM LAN

Nan kad espas pawòl ki fèt nan pak Matisan an, kesyon pwòpte ak salibrite (kondisyon lapwòptay ak liyèn nan yon kominote) te dezyèm priyorite pou katye a. Premye a se te sekirite. Salibrite konsène kondisyon yon popilasyon ap viv pou sa ki konsène lapwòptay ak liyèn. Gen salibrite nan yon katye oswa yon vil, lè gen dispozisyon ki pran pou asire liyèn piblik pou tout moun, sa ki pèmèt viv nan bon kondisyon, ki pèmèt rete an sante. Salibrite se baz yon anviwonman ki sen. Kòm salibrite konsène milye kote moun ap viv an sante, salibrite gen arevwa tou ak diyite moun ki ap viv nan yon katye.

Kote gen moun, toujou gen fatra k ap fèt toulejou.



*Travay netwayaj nan pak Matisan, 2009*

Kidonk, fòk fatra yo jere pou milye a ka genyen salibrite. Lè fatra pa jere, sa gen move konsekans sou sante popilasyon an, sou enfrastrikti yo ak sou anviwonman an. Ramase fatra sou yon baz regilye, nan chak katye, se responsablite sèvis Leta yo. Lè sa fèt,

sa kenbe lapwòpte epi sa pèmèt sitwayen ak sitwayèn yo konsidere yon lòt jan responsablite Leta genyen pou popilasyon a.

Sèvis metropoliten pou ranmase fatra solid se sèvis Leta ki responsab ranmase fatra nan Pòtprens. SMCRS pa t janm konsidere zòn Matisan an sou kont li. Pandan divès lane, Matisan ki tou pre anba lavil, pa janm benefisye sèvis sa. SMCRS te pran 2 pretèks pou eksplike pouki li pa t ramase fatra nan Matisan : vyolans ki te fè katye a tounen yon zòn òlalwa, epi bann pakèt kay ki konstwi pil sou pil nan koridò kote kamyon yo pa ka rantre.

Kesyon salibrite te diskite anpil nan espas pawòl yo. FOKAL te note sa epi li te pwofite, lè Inyon ewopeyèn t ap lanse apèl pou pwojè, pou li prezante yon pwojè sou jesyon fatra

nan Matisan. An 2010, FOKAL

fwenn yon finansman pou 3 zan nan men Inyon ewopeyèn. Pwojè a demare kèk mwa apre tranbleman tè a. Objektif pwojè a te klè. Toudabò, sansibilize, òganize epi fòme kominote a sou kesyon jere fatra. Annapre, se fè SMCRS vin bay Matisan sèvis li pat fwenn depi 25 lane, nan vin ramase fatra 3 fwa chak semèn. Estrateji ki adopte a te tabli sou kolaborasyon ak fanmi ki gen kapasite pou mobilize katye a, ankouraje vwazinay pou yo rantre nan triye ak ranmase fatra ki soti nan kay yo. Yon travay sansibilizasyon touche lekòl yo tou, ki resevwa fòmasyon ak

poubèl (panye fatra) pou yo ka fè elèv, pwofesè ak paran konprann enpòtans salibrite pou lasante ak pou anviwonman an. Ti biznis vin monte. Yo sèvi ak sa yo fwenn nan fatra ki triye yo pou fabrike divès

objè ki ka sèvi nan kay oswa pou fè dekorasyon.

Gras a pwojè pak Matisan an, epi ak espas pawòl yo, kominote an vin koprann jan li nesèsè epi enpòtan pou li mete pwòpte ak liyèn nan katye a ; pou kenbe wout ki mennen nan pak la pwòp. Pwojè jere fatra a pèmèt reyalize yon objektif ki mobilize kominote a sou kesyon salbrite a, etan li te asire Leta ap vin bay sèvis nan Matisan ki se yon katye enpòtan nan Pòtoprens.

## PAWÒL PATISIPAN AK PATISIPANT YO

Nan espas pawòl yo, patisipan ak patisipant yo te lonje dwèt sou move eta katye an nan zafè salibrite. Yo te di sa inakseptab. Yo te ensiste pou di, anvan pwojè FOKAL la, yo pa t janm jwenn sèvis nan men Leta. Men tou, yo te admèt yo gen responsablite pa yo nan jan anviwonman katye a fin degrade : san yo pa triye, fatra jete epi boule nenpòt kote, nenpòt ki lè, san panse ak konsekans sa genyen sou lasante ak sou anviwonman an. « *Nou gen responsablite pa nou nan jan anviwonman an delabre : debwazman, fatra ki pa jere, polisyon ak machin ki pa fè sèvis. Nou aprann fatra ka triye, ka tounen enèji epi ka sèvi pou fabrike divès objè ki itil. Men lè fatra plede ap anpile, se ka lakòz moun bandonen katye a. Jesyon fatra ka ede devlope satiman ke w se moun katye a, epi sa ka ankouraje travay pou fè katye a vin pi bèl.* »

Kòm manm òganizasyon de baz, patisipan ak patisipant yo te santi yo dwe enplike nan rann katye a pi pwòp, gen plis liyèn. « *Se travay òganizasyon de baz yo, pou yo regwoupe yo, pou fè sansibilizasyon an pèmanans nan katye yo epi ak eli lokal yo, yon fason pou ankouraje dyalòg fèt an pèmanans nan kominote a. Se wòl nou pou nou mete sou pye ekip k ap fè asenisman.* »

Refleksyon sou asenisman mennen patisipan ak patisipant yo vin rantre nan koze kouman kay bati nenpòt ki jan nan katye a : kay yo bati san yo pa respekte okenn prensip, yo pa gen fenèt, se nan ti koridò kwense pou pase pou rive ladan yo ; pa gen pasaj pou kamyon sèvis Leta yo vin ranmase fatra. « *Nou pa ta dwe konstwi nan ravin yo, ni sou tèt sous yo, ni sou teren ki an pant. Nou ta dwe okipe zafè kannal yo pou pèmèt yo charye dlo sal. Bati kay nenpòt kòman gen konsekans dirèk sou jesyon fatra, paske pa gen pasaj. Òganizasyon de baz yo ka jwe patisyon pa yo!* »

Patisipan ak patisipant yo te wè tou gen yon makònay ant koze salibrite ak santiman yo se moun katye a. Yo gen atachman ak katye a, e yo pa ta renmen oblije kite l. Dapre yo, salibrite ekzije pou chak moun chanje konpòtman l nan lavi toulejou, yon fason pou kenbe lapwòptay nan katye a. « *Salibrite, se yon kesyon sansibilizasyon, pou chanje konpòtman nou. Nan ti kominote nou an, nou ka fè bèl bagay, nou ka fè katye a tounen nan nòmal li, nou ka fè l pwòp. Òganizasyon de baz yo ka jwe wòl pa yo !* »

Boukantay pawòl yo toujou ensiste sou responsablite Leta. Jesyon fatra, se pa yon pwoblèm ki prezante ann Ayiti sèlman. Se yon pwoblèm mondyal. An jeneral, se sèvis Leta ki pran sa sou responsablite li. « *Se Leta ki dwe chaje ranmase fatra. Fòk nou mete Leta fas ak responsablite li, sinon anyen pa p chanje, se lave men siye atè. Responsablite Leta dwe yon bagay konkrè. Nou dwe ekzije pou sèvis Leta yo fè travay yo, vin ramase fatra yo, SMCRS ak lamèri.* »

Tout patisipan ak patisipant yo rekonèt se pwojè pak Matisan an ki ba yo opòtinite pou diskite alèz sou kesyon ensalibrite an. Lè pak la ap fini, li pa p kapab ofri moun k ap vin vizite yo espektak yon anviwonman ki pa pwòp, ki san liyèn. « *Fòk genyen tou yon volonte politik pou chanje anviwonman an, pou moun k ap vin vizite yo pa gade l mal. Bote peyi a, se nou menm ki pou asire l.* »



*Rezidan nan katye Matisan ap mete fatra yo nan kamyon SMCRS, 2013*

## RANMASE LIDE SOU REFLEKSYON YO

Echanj yo te byen chofe paske salibrite ak anviwonman se koze ki trè sansib nan katye kote preske pa gen espas prive, kote li difisil pou kenbe lapwòpte ak liyèn, paske pa gen règleman epi sitou, pa gen konfò de baz tankou dlo ak elektrisite.

Li te trè enteresan pou wè jan patisipan ak patisipant yo te santi yo konsène pèsònèlman. Yo pa t annik lonje dwèt sou mankman Leta ki pa bay sèvis. Pou yo, pa t gen dout, fò yo enplike. Men sa te kle tou, sa pa fasil pou chanje konpòtman endividyèl, epi sa pa ka fèt jodi pou demen. Yo te ensiste sou kanpay sansibilizasyon òganizasyon yo dwe reyalize nan katye a. Dapre patisipan ak patisipant yo, travay kominote a kapital e li dwe vin kore travay sèvis piblik yo.

Rale mennen kase ki fèt nan reflechi sou kesyon salibrite a ede pran konsyans sou enpòtans mobilizasyon sitwayen ak sitwayèn yo ka genyen nan yon katye tankou Matisan, an patikilye nan chache solisyon pou rezoud

pwoblèm ki konsène tout kominote a. Lonje dwèt sou responsablite zòt sa pa ase. Sa ki konte se angajman ki pran nan nivo endividyèl ak kolektif. Lè òganizasyon nan katye a ranmase kòz la, sa favorize pou kominote a jwenn sèvis piblik ki efikas. Konsa tou, lè konpòtman yo chanje, sa garanti bon jan rezilta pou tout moun.

## DEFINISYON KÈK MO KLE

**Dechè solid** : fatra ki fèt ak pwodwi moun sèvi toulejou. Fatra ki triye ka sèvi pou kreye enèji oswa pou fabrike kèk objè.

**Liyèn** : se prensip ki swiv pou fè lapwòptay, pou dezenfekte, pou kenbe pwòpte nan kay ak sou kò nou. Sa pèmèt rete an sante.

**Pwojè kolektif yon katye** : se pwojè plizyè òganizasyon de baz, nan yon menm katye, ap chache reyalize ansanm pou amelyore kondisyon lavi kominote a.

**Salibrite**: se kondisyon lapwòptay ak liyèn nan yon kominote. Se sa ki bon pou rete an sante, pou evite trape maladi. Salibrite piblik vize pou kreye yon milye ki favorab pou popilasyon an rete an sante.

**Vwa daksè**: se tout ri, riyèl, chimen, koridò, wout ki fòme rezo sikilasyon pou pyeton ak machin nan yon katye. Lè vwa daksè yon ankonbre (machann, fatra, machin moun kite, pil sab ak feray, elatriye), yo tonbe nan ensalibrite, yo vin danjere pou sikilasyon an.

# FICH 5



## ANVIWONNMAN AK TRANBLEMANN TÈ



## SITYASYON KI BAY PWOBLEM LAN

Depi pwogram «Enplantasyon kominotè » a fin lanse, depi aktivite « espas pawòl » yo demare, pwoblèm anviwonman an pa sispann poze nan tout devire tounen l. Pwoblèm konplike sa a poze sou pwojè pak Matisan an. Kidonk, li poze tou sou kesyon sekirite, salibrite, jan kay yo bati, debwazman, vwa daksè, ijyèn ak kondisyon lavi, sèvis piblik yo. Tout koze sa yo fè anpil deba. Sa te klè pou patisipan ak patisipant yo : pou yo sa ranmase pwojè pak la, sa mande pou gen chanjman nan konpòtman yo epi pou gen bon jan konprann sou sa ki rele espas piblik. Patipasyon an te san mank. Moun yo te montre yon enterè, ki pat janm febli, pou tè ki konsène lavi katye yo.



*Carrière de sable à Martissant, 2009*

Tranbleman tè 12 janvye 2010 la montre jan anviwonman an frajil nan Pòtoprens. Kominote Matisan an ap viv anba malè pandye pwoblèm anviwonman yo. Katafal katastwòf 12 janvye a montre tou jan pa gen okenn prevansyon ki fèt, alòske sa te ka pèmèt limite dega yo epi sove lavi moun. Yon digdal moun pèdi lavi oswa disparèt; kay ki bati nenpòt kòman nan ravin ou sou pant kraze; Leta rete bra kwaze fas a katatwòf la; èd imanite vide men san okenn kòdinasyon. Tout bagay sa yo te prezan nan diskisyon sou katastwòf sa a, pyès moun pa t pare pou fè fas avè l. Diskisyon yo tabli tou sou nesosite prevansyon. Ayiti chita nan yon zòn ki gen anpil risk tranbleman tè ak siklòn. Fòk popilasyon an byen enfòmè, pou li sa konnen kòman pou li fè prevansyon, kòman pou li reyaji anvan ak nan moman yon katastwòf natirèl.

Li enpòtan pou ensiste sou pwèn sa a : tranbleman tè se yon gwo chòk ki aji sou mantal sila ki rive chape yo. Moun sa yo ap konte kantite lòt ki disparèt, ki mouri e ki pa t ka antere kòm sadwa. Pandan lontan konsekans chòk sa a ap fè santi soukous li.

Anviwonman ak tranbleman tè se 2 bagay ki makònen. Lè neglijan pote sou yon anviwonman ki frajil, anvan ou bat je w, sa ka lakòz yon pakèt dram k ap trennen konsekans lou pandan lontan; konsekans yo gen dwa menm ireparab. Kesyon anviwonman an ak esplikasyon ki bay sou tranbleman tè vin fè konprann kòman li enpòtan pou prevwa pwoblèm yo, espesyalman lè sekou yo ra. Sa fèt nan chache byen konprann konsekans pwoblèm yo.


## PAWÒL PATISIPAN AK PATISIPANT YO

Chita pale yo te rete anpil sou evènman 12 janvyè 2010 la ak konsekans li sou anviwonman an. Moun nan katye a konnen yo pote mak katastwòf la, e yo konsyan y ap pote mak sa yo pandan lontan. Nan espas pawòl yo ak nan lòt rankont, divès patisipan ak patisipant te bay temwayaj sou sa yo te viv pandan tranbleman tè a : kote yo te ye lè sa rive, vizyon tou kantite kadav yo wè nan chache moun ki disparèt. Li te trè enpòtan pou patisipan ak patisipant yo pou yo rakonte eksperyans sa. Konsa, yo pataje santiman laperèz yo, tristès, reziyasyon, epi santiman rekonesans poutèt yo an vi. *«Tout moun desoumen. Nou pa wè devan, nou pa wè dèyè ! Espas pawòl yo ba nou okazyon rakonte epi koute temwayaj yo. Sa te enpòtan pou chak grenn moun.»*

Sou baz temwayaj yo, enfòmasyon ak eksplikasyon syantifik te pote pou patisipan ak patisipant yo. Eksplikasyon yo te senp epi klè, yon fason pou pèmèt derefize koze ki vle fè kwè katastwòf la se pinisyon Bondye. Mòd esplikasyon sa a, se li ki sikile pi plis. Sa pa anpeche ke lapriyè ak chante moun yo t ap fè ansanm, te pote anpil rekonfò pandan evènman an kote tout bagay te tèt anba. Men tou, li te enpòtan pou byen fè konprann sa ki yon tranbleman tè. *« Nou aprann ke yon tranbleman tè se yon fenomèn natirèl. Se lasyans ki eksplike sa, se pa relijyon, ni kòlè Bondye.»* Konprann kòz tranbleman tè a te ede reflechi sou kesyon prevansyon an. *« Eksplikasyon nou jwenn sou tranbleman tè a pèmèt nou aprann kèk prensip ak jès pou rive sove lavi, sitou nan kay frajil nou abite yo. Prensip prevansyon yo, Leta ta dwe pran dispozisyon serye pou fè konnen yo epi aplike yo.»*

Patisipan ak patisipant yo konstate yo te tire leson de katastwòf la. *« Sa nou aprann e ki pozitif sou tranbleman tè a, se ke bonn volonte pa kont. Fòk atansyon pote sou fòmasyon, sou estrateji pou fè prevansyon, sou dyalòg anndan kominote a.»* Yo di tou yo te wè divès fòm solidarite tout bon, kit se bò kote moun ki pwòch yo, kit se bò kote moun yo pa t menm konnen. *« Tranbleman tè a aprann nou tou sa ki rele solidarite; pa sèlman solidarite entènasyonal la, men solidarite kominote yo tou. 12 janvyè 2010, pa t gen pòv, pa t gen rich! »*

An divès fwa, patisipan ak patisipant yo ensiste sou responsablite chak moun nan chanje konpòtman, nan respekte epi fè respekte prensip



Quartier de Ti Bwa, 2008

nan bati kay ak nan ibanism (règleman sou ki kote pou bati, kòman pou amenaje yon zòn, kouman pou trete espas piblik, peyizaj ak anviwonman). Responsablite sa enpotan, ni pou manm kominote a, ni pou Leta. Sa pa t



anpeche patispan ak patisipant yo konstate chimen chanjman an ap long, ap difisil, akòz kondisyon frajil kay yo nan katye a. Move kondisyon moun ap viv ap ogmante risk pou moun pèdi lavi.

Diskisyon sou tranblemann tè a fè yo retounen sou kesyon fatra a. Nan katye a, plen fatra nan tout lari ak ravin yo. Mete sou sa, vin gen debri tranbleman tè a. « *Anviwonman nou genyen pou kounye a, se vitrin pou fatra ak debri ! Fatra yo, se yon pwoblèm pèmanan. Kote pou nou jete yo ? Ki lè pou nou jete yo ? Kote pou nou kenbe yo ? Pwoblèm nan konsène alafwa disiplin pèsonèl epi disiplin Leta. Men, an fenn kont, se responsablite pa nou.* » Anplis fatra ki soti nan kay, tranblemann tè a vin charye yon pakèt debri ki soti nan kay ki efondre yo.

Viv nan yon anviwonman ki gen ensalibrite sa favorize degradasyon tout aspè nan lavi a; sa ka menm rive bay konpòtman agresif. « *Lapwòpte ankouraje apèzman sosyal; salte ankouraje agresivite.* » Refleksyon sa yo te vin bay anpil echanj sou kesyon edikasyon ak sitwayènte. « *Yo pa edike elèv yo pou yo tounen sitwayen ak sitwayèn. Edikasyon ta dwe plis tabli sou konsekans zak yo, pase sou entèdi fè zak yo. Paregzanp, kou sekouris ta dwe rantre nan pwogram lekòl yo. Radyo yo ta dwe fè emisyon sou edikasyon sivil, sou dwa ak devwa moun.* » Vire tounen, menm konsta a ap fèt : « *Fòk nou chanje abitud nou, fòk nou chanje vizyon nou genyen sou lavi a.* »

**« Nou pa koupab, nou pa mechan : nou p  
at merite pran tranblemann tè a. »**

**(Yon patisipan)**

## **RANMASE LIDE SOU REFLEKSYON YO**

Patisipan ak patisipant yo fè anpil echanj sou lavi toulejou yo epi sou konsekans tranblemann tè a. Yo note enpòtans sa te genyen pou yo dèske yo jwenn eksplikasyon klè ak syantifik sou sa yon tranblemann tè ye. Sa pèmèt yo konprann pi byen lyen ki genyen ant anviwonman frajil katye a ak kantite dega ki te fèt yo. Refleksyon te fèt tou sou kesyon prevansyon an. Tout moun ta dwe konn sa, pou kapab fè bon reyaksyon lè gen katastwòf, epi rive limite dega yo, sitou pou sa ki konsène kantite moun ki mouri, andikape, blese, disparèt yo.

Poze pwoblèm anviwonman ak tranblemann tè a te mennen konsidere pwoblèm fatra a ankò. Fatra te parèt tankou yon michan obstak pou liyèn piblik nan katye a. Patisipasyon chak mou, kòm sitwayen ak sitwayèn, te konsidere tankou yon kondisyon enpòtan pou rebay Matisan eskanp figi I. Sa klè, aksyon sèvis piblik yo endispansab, men se patisipasyon abitan nan katye a k ap fè yo bay pi bon rannman.

Echanj ki fèt sou tranblemann tè a vin diminye enfliyans kwayans larelijyon pote sou tranblemann tè a. Kwayans sa yo te fè pifò moun santi yo koupab, kit se nan pami patisipan ak patisipant yo, kit se nan rèz kominote a. Toupatou, touswit apre tranbleman tè a, ou te tande moun k ap rele « Jezi ! », k ap priye, k ap chante. Se te fason pa yo pou yo mande Bondye fè yon aksyon, paske moun yo te santi bra yo anile devan gwo katastwòf sa. Li te enpòtan pou koze sa yo te pale. Bi diskisyon yo, se pa t konbat kwayans moun. Se te pito prezante eksplikasyon lasyans bay sou tranblemann tè a, pou sa ka ede diminye

santiman ki fè moun santi yo koupab epi pou kòz katastwòf la parèt aklè.

Li enpòtan pou note kòman tout moun ki te patisipe nan seyans ki te fèt touswit apre tranbleman tèt a, te deklare jan sa te pote yo byen, paske sa te ba yo okazyon rakonte sa yo te viv epi tande istwa lòt moun.

## DEFINISYON KÈK MO KLE

**Devlopman dirab** : estrateji k ap chache tabli bon jan ekilib ant moun ak anviwonman natirèl la, epi ki vle fè sa yon fason ki pou dire. Souvan yo konsidere devlopman dirab pote repons pou satisfè bezwen ki genyen jodi a, etan li veyatif pou pa kite okenn antrav pou jenerasyon k ap vini annapre yo.

**Ekosistèm** : sistèm nan yon milye natirèl kote tout sa ki vivan (plant, bèt) nan relasyon youn ak lòt.

**Enèji renouvlab** : se enèji ki soti nan lanati, ki pa p fini, tankou solèy, van, lanmè, latè.

**Episant** : pwen santral sou latè oubyen sou lanmè kote yon tranbleman tèt frape pifò.

**Anviwonman** : se tout kondisyon natirèl ak sosyal kote tout sa ki vivan ap evolye.

**Ewosyon** : Se tout sa k ap pwovoke degradasyon tèt a, ak dlo, van e lòt bagay ki nan atmosfè a.

**Abita** : Se tout sa ki konsène kondisyon lavi yon popilasyon nan zafè kay abitab .

**Abita anachik** : se lè kay abitab ap konstwi nenpòt kòman, san okenn règleman pa respekte, nan zafè materyo ak ibanism (règleman sou ki kote pou bati, kòman pou anenaje yon zòn, kouman pou trete espas piblik, peyizaj ak anviwonman). Se lè kay ap plede bati an dezòd, vaykevay, san okenn otorite Leta pa mete ola. Se lè moun anvayi teren ki pa fèt pou bati epi yo monte kay sou yo.

**Plak tektonik** : kouch ekòs latè ki vin defòme ak deplase, lè gen tranbleman tèt oswa lè yon volkan pete.

**Preveni** : se pran devan pou anpeche yon bagay rive, etan prekosyon ak mezi ki nesesè ap pran. Mezi prevansyon dwe swiv sèten règleman byen defini.

**Radmare oswa Tsounami (mo japonè)** : lam vag lanmè ki trè wo, ki anvayi tèt yo e ki ka fè anpil dega. Lam nan se rezilta yon tranbleman tèt oswa yon vòlkan ki pete.

**Replik** : se sekous ki kontinye ap fèt apre manman sekous yon tranbleman tèt.

**Richtè (Richter)** (1900 – 1985) : Ameriken ki te espesyalize nan koze tranbleman tèt. Se limenm ki kreye, an 1935, yon zouti pou mezire fòs ak frap yon tranbleman tèt. Zouti a pote non li, li rele « Echèl Ritchè. »

**Tranbleman tèt (seyis an franse)**: se lè latè tranble akòz mouvman plak tektonik yo. Sa pwovoke dega ki, selon fòs sekous la, ka grav oswa mwens grav. Jis jounen jodi a, yo pa ka prevwa ni ki jou, ni ki lè yon tranbleman tèt ap fèt.



# FICH 6

## SÈVIS PIBLIK



## SITYASYN KI BAY PWOBLEM LAN

Sèvis piblik konsène kapasite Leta pou l reponn sèten bezwen ki esansyèl pou popilasyon an. Prensipal bezwen yo se jwenn dlo potab, elektrisite, asenisman, vwari, sekirite, òganize espas piblik la. Sèvis piblik pran tou an konsiderasyon sa ki rele sèvis sosyal de baz, tankou edikasyon, lasante, transpò, komunikasyon. Lajan ki pou pèmèt bay sèvis sa yo prevwa nan bidjè Leta, egal se depans piblik yo ye. Sèvis piblik yo la pou

Leta asire byennèt popilasyon an, nan mete an plas sèvis piblik yo. Se sou sa prensip dwa ak devwa sitwayen ak sitwayèn tabli.

Nan espas pawòl kote kesyon sa yo t ap diskite, patisipan ak patisipant yo te rete sitou sou zafè pa gen sèvis piblik nan Matisan, e lè genyen, yo pa mache byen. Dapre yo, si katye a nan si movèz eta, se paske Leta absan. Yo santi Leta bandonnen yo. Nan Matisan, sèvis de baz tankou dlo potab, elektrisite, sant sante, lekòl Leta, sekirite, sa preske pa egziste. Nan konsa,



*Fontèn dlo nan Krepsak, 2008*

fasilite lavi an kolektivite, pou pwoteje kominote a, pou fè prevansyon k ap pèmèt evite risk grav yo, pou satisfè bezwen de baz popilasyon an. Sous bidjè Leta se taks ki peye sou tout tranzaksyon ekonomik ak finansye, se enpo ki peye sou salè moun touche (kantite kòb ki peye bay leta nan kòb yon moun touche). An retou, pou taks ak enpo li pran sou aktivite sitwayen ak sitwayèn yo,

popilasyon an sètoblije degaje li kou l konnen, souvan nan chimen ki pa legal, pou li jwenn yon sèvis ki pa menm bon. Eli lokal yo ki se KASÈK yo (Konsèy administrasyon seksyon kominal) ak ASEK yo (Asanble seksyon kominal), popilasyon an konsidere yo tankou de pon ant kominote a ak Leta santral la. Men an reyalyte, eli lokal yo pa gen

okenn mwayen pou yo ofri sèvis bay popilasyon ki vote pou yo an.

Pwojè pak Matisan an pèmèt relanse deba sou relasyon kominote a ak sèvis piblik yo. Kòm pak la se yon espas piblik, depans fonksyonman pak la ta kapab andedan bidjè Leta a. Tout echanj sa yo vin fè diskisyon yo tabli sou nesosite pou toujou gen relasyon ak sèvis piblik yo, yon fason pou yo ka reponn ak bezwen popilasyon nan katye a. Se apati refleksyon sa yo FOKAL vin rantre nan pwojè jere fatra a, ki fè SMCRS (Sèvis metropoliten pou ramasaj fatra solid) vin pran fatra 3 fwa pa semèn nan katye a. Pwojè a fèt ak yon finansman Inyon ewopeyèn. FOKAL te kolabore tou ak òganizasyon de baz nan 4 zòn Matisan epi ak EDH (Elektrisite d Ayiti), pou yon pwojè elektrifikasyon katye an. Jefò sa yo montre gen moun ak òganizasyon ki gen volonte pou reyalize aksyon anfavè kominote a. Konsatou, depi 2 zan, pwojè Sante-Dwa FOKAL la favorize relasyon tabli ant kominote an ak MSPP (Ministè sante piblik ak popilasyon), espesyalman atravè BSC (Biwo sanite kominal). Se konsa dispozisyon vin pran pou fè tretman pou konbat sa ki sitire moustik ki bay maladi tankou malarya, lafyèv deng, filaryoz. Tout egzanp sa yo montre li posib pou jwenn sèvis piblik, lè òganizasyon yo jwenn alye yo ka konte sou yo, lè òganizasyon yo pran responsabilite yo, lè yo angaje pou travay nan enterè kominote a. FOKAL apiye demach òganizasyon ki ale nan sans sa.

Echanj yo te tabli tou sou wòl kolektivite teritoryal yo. Eli lokal yo ap viv nan kominote a, men yo pa sanble yo gen koneksyon ak pouvwa santral la, sòf pou yo al touche chèk yo. Diskisyon yo te montre gen yon vid nan lalwa sou kolektivite teritoryal yo. Konstitisyon an pa bay presizyon sou manda eli yo, epi Palman an poko janm vote yon lwa sou sa. Kontrèman a sa moun nan katye an gen

tandans kwè, eli lokal yo pa depann de lameri ; yo depann de Ministè enteryè ak kolektivite teritoryal la (MICT). Patispan ak patisipant yo montre yo enterese pou bon jan relasyon devlope ant eli lokal yo ak kominote a. Sa t ap yon fason pou ranfòse prezans Leta ak sèvis piblik yo nan katye a.

## PAWÒL PATISIPAN AK PATISIPANT YO

Nan echanj yo, patisipan ak patisipant yo te touswit fè lyen ki genyen ant pwojè pak Matisan an ak ti amelyorasyon ki pote nan lavi katye a. Pou yo, pak la ankouraje sèvis piblik yo pou yo kòmanse retounen nan katye a (dlo, elektrisite, vwa aksè, sekirite, ramasaj fatra). Sa poko kont, men gen sèvis ki la kounye a. Kòm pak la se byen Leta, pou li sa byen fonksyone Leta ap sètoblize pi prezan nan katye a. « *Nou wè reyalite a kote SMCRS ap vin ranmase fatra, alòske anvan sa pa t konn fèt.* »

Anplis espas pawòl yo, patisipan ak patisipant yo te trè apresye atelye ki te fèt sou amenajman katye a kòm zòn ki nan yon vil. Se biwo ACT ak LGL ki te fè atelye yo. « *Atelye yo te itil anpil. Yo ede nou byen konprann ki sa sèvis piblik yo ka fè nan katye a.* »

Anpil deba fèt sou kesyon eli lokal yo (ASÈK, KASÈK) ki pa efikas ditou. « *Se nou menm ki vote ASÈK ak KASÈK yo, egal yo ta sanse konnen kominote kote yo soti a. Eli lokal yo fèt pou reprezante pwoblèm kominote a, an menm tan yo reprezante solisyon ki ta dwe pote. Yo se otorite ki ta dwe ap pran inisyativ. Men, ou ka menm mande tèt ou si se pa yo menm ki lakòz pa gen sèvis piblik nan katye a.* »

Sèvis piblik yo vin parèt tankou yon dwa tout sitwayen ak sitwayèn ka reklame, depi li ranpli devwa pa l. Òganizasyon de baz yo

konprann yo ka jwe yon wòl enpòtan nan siyale feblès Leta oswa absans li, nan mete annavan bezwen kominote a. « *Se tout dwa sitwayen ak sitwayèn yo pou yo egzije jwenn sèvis piblik. Si òganizasyon de baz yo reprezante kominote a tout bon, yo ta dwe kapab ranpli wòl sa.* »

Diskite sou pwoblèm sèvis piblik yo te bay patisipan ak patisipant yo okazyon pou yo wè epi byen konprann tout enpòtans lavi an kominote, ak patisipasyon chak moun nan amelyore lavi katye a. « *Sèvis piblik yo se yon dwa. Pwojè kolektif yo se yon devwa.* »

« *Lè ou denonse mankman oswa absans sèvis piblik yo, ou fè devwa w kòm sitwayen, kòm sitwayèn, epi ou pran wout pou kase chenn laperèz la.* »

(*Yon patisipan*)

## RANMASE LIDE SOU REFLEKSYON YO

Etan y ap reflechi sou kesyon sèvis piblik la, ofiramezi patisipan ak patisipant yo vin pran konsyans sou sa ki dwa yo, sa ki devwa yo kòm sitwayen ak sitwayèn. Yo aprann reflechi sou sitiasyon katye yo sou relasyon ki tabli ak sèvis Leta yo. Chita tandè fèt sou difikilte ki genyen nan lavi yon kolektivite. Sa te klè, solisyon an chita nan patisipasyon kominote a ak nan jefò endividyèl yo.

An jeneral, eslogan pou lonje dwèt sou Leta se : «Pa gen Leta. Leta demisyone. » Patisipan ak patisipant yo te twouve sa twò fasil ; yo te twouve eslogan sa yo montre iyorans popilasyon an sou kòman machin administrasyon piblik la mache. Diskisyon yo pèmèt yo wè kòman Leta se



*Poto EDH ki kouche nan katye Maniga, 2008*

yon enstitisyon ki pa senp. Yo rive idantifye ministè ki responsab bay sèvis piblik yo. Pareganp, Ministè travo piblik, transpò, komunikasyon ak enèji (MTPTCE) responsab plizyè sèvis piblik tankou SMCRS (Sèvis metropoliten pou ramasaj fatra solid), EDH (Elektrisite d Ayiti), SEEUR (Sèvis antretyen ak ekipman pou zòn lavil ak zòn riral) ak DINEPA (Direksyon nasyonal sèvis dlo potab ak asenisman). Sa pa t anpeche retounen sou responsablite eli lokal yo. Patisipan ak patisipant yo di ankò, si yo te vote pou yo, se paske yo pwòch popilasyon an.

Presizyon te pote sou règleman ak prensip ki dwe swiv lè sèvis piblik yo prezan nan yon zòn. Sa ede pi byen konprann kesyon devwa yo ki makonnen ak dwa yo. Gen divès manyè pou patisipe kòm sadwa nan lavi kominote a, epi pou ranpli devwa w kòm sitwayen ak sitwayèn, devan kominote a ak Leta. Egzanp: peye sa w dwe peye pou dlo potab ak elektrisite ; respekte prensip ak règleman lè kay ap bati oswa rebati ; respekte ki jou ak ki kote pou mete fatra pou yo vin ranmase yo ; kite espas piblik la lib pou sikilasyon ka fèt nòmalmman.

Patisipan ak patisipant yo rive byen konprann tout devire ki genyen nan lavi yon kolektivite. Konsa tou, yo vin wè aklè jefò sa mande chak

moun pou l respekte tèt li, pou respekte lòt moun tou. Lè sitwayen ak sitwayèn yo gen konsyans yo gen devwa tou, lè yo gen sans responsabilite, sa fè yo an bòn pozisyon pou reklame dwa yo. Lè konsa, demann kolektif pou jwenn yon sèvis piblik pou yon kominote gen plis chans pou l abouti.

## DEFINISYON KÈK MO KLE

**ASÈK** : Asanble seksyon kominal, ki la pou asiste KASÈK yo.

**KAMÈP** : santral otonòm metropolitèn dlo potab. Sèvis la pa egzite ankò, se DINEPA ki ranplase l.

**KASÈK** : Konsèy administrasyon seksyon kominal, ki fòme ak 3 manm. Se moun k ap viv nan seksyon yo ki vote yo.

**DINEPA** : Direksyon nasyonal dlo potab ak asenisman. Sèvis la depann de Ministè travo piblik.

**EDH** : Elektrisite d Ayiti. Sèvis ki reskonsab bay kouran. Li depann de Ministè travo piblik.

**Meri oswa Lakomin** : Administrasyon Leta ki chaje jere yon komin.

**MTPTCE**: Ministè travo piblik, transpò, komunikasyon ak enèji.

**SEEUR**: Sèvis antretyen ak ekipman pou zòn lavil ak zòn rural. Sèvis la depann de MTPTC.

**Sèvis piblik** : Sèvis Leta mete an plas pou reponn ak bezwen de baz popilasyon an.

**SMCRS**: Sèvis metropoliten pou ramasaj fatra solid. Sèvis la sou responsablite 2 ministè, MTPTCE et ak MICT (Ministè enterye ak kolektivite lokal yo).

**Ibanism** : metòd ak teknik pou òganize ak amenaje vil, vilaj, espas piblik, elatriye.





# FICH 7

**PAK LA AK ÒGANIZASYON DE BAZ YO**

## SITYASYON KI BAY PWOBLÈM LAN

Nan lane 2008 FOKAL mete an plas nan Matisan yon pwogram « Enplantasyon kominotè ». FOKAL te chwazi l pou l te tabli yon dyalòg ak òganizasyon de baz nan katye a. Gen 2 rezon pou sa : toudabò, se pou yo te ka patisipe nan aktivite yo kòm òganizasyon dekwa pou aktivite yo pote fwi nan zòn pa yo. Dezyèmman, se pou pèmèt refleksyon sou pak la pran an konsiderasyon kolektivite a, patisipasyon sitwayèn lan. FOKAL te konsyan te gen risk pou gen òganizasyon ki kouri monte tèt yo akòz prezans li.

Ofiramezi, vin genyen plis pase 200 òganizasyon de baz ki enskri nan biwo FOKAL nan Matisan. Yo te vle patisipe nan divès aktivite k ap fèt pou reyalize pwojè pak la. Òganizasyon yo te sitou entere patisipe nan espas pawòl yo, nan

fòmasyon ak rankont ki te prevwa yo. Yo te vle tou gen opòtinite pou soumèt ti pwojè pou FOKAL finanse, epi wè tou si manm yo ta kapab jwenn djòb.

Pandan plis pase 3 zan, òganizasyon yo patisipe nan espas pawòl yo kote yo diskite de vizyon yo sou katye a, pwoblèm yo, bezwen kominote a, mankman yo, epitou lespwa yo genyen pou yo wè chanjman. Refleksyon yo pèmèt fè pòtre sityasyon jeneral kominote an, epi idantifye ki tèm ki merite diskite an priyorite pou yo jwenn solisyon. Òganizasyon yo genyen divès objektif: ankadre jèn, fanm oswa timoun; aktivite kiltirèl, espòtif, sosyal, ekonomik, anviwonmantal, elatriye. Òganizasyon yo te gen konsyans yo pa t byen chapante, e yo te mande ede yo ranfòse tèt yo. Sa pa anpeche yo vle konsidere tèt yo tankou yon « siman sosyal » pou kominote a. Sèten òganizasyon



*Aktivite espò yon asosyasyon nan Matisan te òganize, 2009*

fè gwo jefò pou rive travay ansanm sou yon pwojè kolektif k ap itil kominote an. Sitiyasyon sa prezante sitou nan chache jwenn sèvis piblik tankou elektrisite.

Brase lide te mennen reflechi sou kesyon òganizasyon an menm. Ki sa ki motive yon gwoup moun al fonde yon òganizasyon? Ki sa ki motive yon moun rantre nan yon òganizasyon? Eske se paske sa alamòd? Eske se paske vreman vre gen enterè komen? Eske se paske gen konpetisyon nan katye a ki fè yon òganizasyon pa rete dèyè lòt ki genyen yo? Eske se yon pwoblèm k ap chache rezoud? Eske se paske gen moun ki anvi parèt chèf? Eske se anbyans eleksyon ki fè sa, nesosite pou swiv yon lidè? Eske se pè pou pa rete izole? Eske se pou jwenn finansman? Li te enpòtan pou gade divès rezon ki ka motive yon moun oubyen yon gwoup moun fè yon òganizasyon, yon fason pou patisipan ak patisipan yo rekonèt tèt yo epi analize konsekans yo.

Brase lide sou rezondèt òganizasyon yo vin mennen nan lòt kesyon tankou : ki sa ki rele enterè komen, ki objektif yo genyen ki kapab reyalize, ki kalite moun ki anndan òganizasyon an? Èske gen eleksyon, ki manda ak ki wòl komite k ap dirije an pou ankouraje lòt moun vin manm, epi ki wòl manm yo, kondwi bak òganizasyon an, ak jere lajan li, ak resous pèsonèl li, plan d aksyon li, chache bourad lajan? Òganizasyon yo te rekonèt yo pa t klè sou tout kesyon sa yo. Men, dèske kesyon sa yo te vin poze, sa te louvri je yo, sa te fè yo wè jefò yo gen pou yo fè kit se anndan òganizasyon an, kit se parapòta kominote a. Sila ki patisipe nan espas pawòl yo te eksplike jan sa te difisil pou yo rive pataje ak lòt manm yo, enfòmasyon ak konesans yo resevwa. Toujou gen mefyans ki egziste nan relasyon ant òganizasyon yo. Atitid sa a merite chanje pou òganizasyon yo ka sòti nan izolman, nan fèmen tèt yo.

Patisipan ak patisipan yo te esplike tou, lè yon moun rantre nan yon gwoup dèfw, se yon fason pou li kouri pou kèk pwopozisyon y ap fè l, pwopozisyon ki ka mennen l nan komèt zak ilegal.


## PAWÒL PATISIPAN AK PATISIPANT YO

Òganizasyon de baz yo te admèt mankman yo genyen nan zafè òganizasyon. Men pase yo te deplòtonnen sou sa, yo te pito ale sou sa yo ta dwe ye. « *Yon òganizasyon de baz ta dwe pyonye nan chache solisyon pou pwoblèm katye a.* » Tandans la se kwè òganizasyon yo ka fè travay sèvis piblik yo nan plas yo, oswa fè travay ki depase kapasite yo. Men yo swete : « *Sekirite katye a ta dwe sou kont òganizasyon de baz yo, se yon nesosite. Òganizasyon yo la pou korije mankman Leta.* »

An menm tan tou, patisipan ak patisipan yo te gen anpil fyète poutèt yo te reprezante yon òganizasyon nan espas pawòl yo, epitou paske se avèk yo dyalòg la t ap fèt pou gwoup la. « *Pou moun k ap viv izole nan katye yo, lè y aksepte antre nan yon gwoup, sa vle di chache plis fòs ak vizibilite. Sa vle di pran angajman pou reyalize yon seri objektif byen detèmine, san lage tout bagay sou do Leta. Wòl òganizasyon de baz yo, se oryente moun ki pa konnen si pou yo fè adwat oswa agòch ; se ba yo direksyon.* »

Men patisipan ak patisipan yo te admèt yo pa reponn ak atant kominote a. « *Òganizasyon yo dwe chapante ak disiplin tèt yo pi plis, epi obsève dapre ki règleman lavi nan sosyete y ap mache. Premye travay yon òganizasyon, se okipe lòt moun. Gen anpil feblès nan alyans ant òganizasyon yo ak kominote a. Òganizasyon yo ta dwe ede kominote a chanje kondisyon lavi l.* »

Dapre patisipan ak patisipant yo, imaj ak enpak pozitif pwojè pak la louvri wout pou òganizasyon de baz yo. Yo sèten yo byen plase pou fè lyezon ant pwojè a ak kominote an. Sa



*Wout a pye yon òganizasyon nan katye a ranje,  
Beny, 2009*

ap pèmèt fasilite dyalòg ak echanj enfòmasyon, bay esplikasyon, klarifye epi fè swivi. «Òganizasyon de baz yo ta dwe pòtwa pwojè pak Matisan an. Yo dwe travay pou chapante tèt yo byen, yon fason pou yo ka ranmase flanbo a lè FOKAL ap remèt Leta pak la. »

Pou rezoud pwoblèm atant kominote a ki pa tonbe daplon ak travay òganizasyon yo ap fè, patisipan ak patisipant yo te pwopoze, an divès fwa, pou yo t al pale nan radyo, an patikilye nan radyo kominotè yo, pou esplike

pwojè pak la epitou aktivite yo nan katye a. Dapre yo, sa t ap benefik pou tout kominote an.

*« Òganizasyon de baz yo se ma drapo pak la. »  
(Yon patisipan)*

## RANMASE LIDE SOU REFLEKSYON YO

Boukante pawòl ki fèt ant òganizasyon yo ede yo pran konsyans sou responsabilite sitwayèn yo parapòta katye a. Manm yon òganizasyon ekzije: pou gen disiplin nan fason y ap travay ; pou gen kapasite pou planifye aksyon yo, etan y ap detaye tout etap yo epi wè ki lè chak ap gen pou fèt ; pou jwenn mwayen pou fè aktivite yo mache ; pou konnen ki rezilta y ap chache. Òganizasyon de baz pa ka ranplase sèvis piblik yo. Òganizasyon yo dwe pote atansyon sou dizon kominote a, yon fason pou yo ka idantifye bezwen yo, triye bezwen ki koresponn ak kapasite yo, epi fè lyezon ak enstitisyon piblik oswa prive ki kapab pote solisyon.

Travay òganizasyon de baz yo pa fasil. Se sa ki fè anpil ladan yo pa rive dire, yo disparèt. Kondwi yon gwoup ki gen 15 oswa 20 moun ladan l, sa pran enèji, sa mande disponibilite ak konviksyon. Tout sa konte e se pa fasil pou rive kenbe kadans sa tout tan. Chak manm dwe devlope lakay li kapasite pou l respekte epi fè respekte objektif gwoup la. Objektif yo pa ka reyalize avèk 2 oswa 3 moun ki nan yon komite. Òganizasyon de baz mande pou gen koyezyon (inyon, solidarite) nan gwoup la ; e koyezyon bati sou konfyans manm yo genyen youn pou lòt. Fòk tou sa respekte, pou gen kredibilite ak

lidèchip nan yon kominote, pou aksyon yo fèt anfavè kominote an.

Patisipan ak patisipant yo te byen konprann tout enpòtans wòl chak manm nan yon òganizasyon. Yo retounen plizyè fwa sou kesyon sa. Se pa annik kritike yon fonksyonman ki deregle. Fòk ou konprann tou difikilte yo, fòk ou angaje w avèk kouraj. Se konsa, tipa tipa, ou ka rive janbe obstak yo.

An jeneral, patisipan ak patisipant yo montre yo anvi patisipe fon nan pwojè pak Matisan an, epi yo gen volonte pou sa. Yo mete anpil espwa sou aktivite ki marande ak pak la kòm mwayen pou yo valorize pwòp òganizasyon yo.

## DEFINISYON KÈK MO KLE

**Kredibilite** : kapasite pou mete an konfyans, sou baz fòmasyon pwofesyonèl ki rekonèt, sou baz konpòtman ki respekte prensip ak liy kondwit, epi ki toujou kenbe tenn fas.

**Dirabilite** : se sa ki dire e ki pote rezilta pandan lontan.

**Fezabilite** : se sa ki reyalizab nan yon tan byen detèmine, dapre mwayen teknik, mwayen lajan. Ètid fezabilite se yon travay k ap chache tabli alavans ki kondisyon ki dwe reyini pou yon aksyon oswa yon pwojè rive reyalize nan tout aspè l, ki kapab teknik, ekonomik, mwayen lajan, politik, kiltirèl.

**Mwayen** : se kapasite pou mennen aksyon ki nesesè pou reyalize yon bi. Mwayen an kapab moral oswa entelektyèl, li kapab tou mwayen nan zafè lajan, teknik, fizik, elatriye.

**Lidèchip** : se kapasite yon moun oswa yon gwoup genyen pou konvenk lòt, pou mennen yo swiv yon direksyon oswa anbake yo nan yon aktivite. Lidèchip chita sou kredibilite ak konfyans.

**Objektif** : se bi ki vize, se rezilta ka p chache jwenn.

**Òganizasyon** : se lè plizyè moun regwoupe, sou baz yon enterè komen, pou chache reyalize de objektif byen detèmine.

**Òganizasyon de baz** : se moun ki regwoupe nan yon kominote. Òganizasyon an fèt nan lide pou fè konnen bezwen kominote a, pou chache bon jan solisyon pou pwoblèm ki prezante yo, etan li pran lidèchip la.

**Planifikasyon** : se prevwa tout etap ki nesesè pou rive demare yon aktivite, yon pwojè, yon aksyon.

**Reyalizasyon** : se fè aksyon, fè pwojè. Se sa ki akonpli.



# FICH 8

## SITWAYÈNTE AK SANTIMAN APATENANS





## SITYASYON KI BAY PWOBLÈM LAN

Apwòch pwogram « Enplantasyon kominotè » a te chita sou kesyon sitwayènte an. Apwòch sa anpeche mete moun sou kote, lonje dwèt sou moun akòz relijyon, apatenans politik, sèks, koulè po, klas sosyal. Kesyon sitwayènte an se te pote mitan espas pawòl yo. Li pèmèt, alapapòt, poze pwoblèm egalite tout moun ki vin patisipe nan seyans yo.

Kesyon sitwayènte a nan mitan tout deba sou demokrasi, Repiblik, dwa, jistis, patisipasyon, souverènte. Refleksyon sou kesyon sitwayènte a toujou ap rapouswiv e definisyon an varye selon pozisyon ki pran an. Sèten moun ideyalize wòl sitwayen ak sitwayèn yo. Gen de lòt ki kritike l. An jeneral, lè y ap pale de

a parèt nan konstitisyon nou an, sitwayènte anglobe tout moun ki rekonèt tèt yo nan yon kominote politik, kiltirèl, ki gen menm lang. Sitwayènte poze kesyon dwa ak devwa moun, eta sivil pou tout moun, fason pou patisipe nan politik, obligasyon Leta ak obligasyon sitwayen ak sitwayèn yo, fason pou gen sitwayènte ayisyèn, espas piblik kote moun ap egzèse sitwayènte yo.

Konstitisyon an, ak lwa yo di kouman pou sitwayen ak sitwayèn fonksyone nan peyi a, kidonk nan kominote an. Kominote a se espas kote yo mete ansanm resous ekonomik, teknolojik ak kiltirèl. Men se sitou prensip yo, prensip moral, prensip politik. Lè moun vle aji kont kominote an, nan montre li nwizib pou lòt moun, lè moun pa respekte oswa



*Reynyon ak òganizasyon nan katye a andedan Pak Matisan an, 2009*

sitwayènte, y ap pale sou relasyon ant moun, sou apatenans a yon kominote, sou idantite. Pandan lontan, yo pa t konsidere fi yo nan zafè sitwayènte. Jounen jodi a, jan koze sitwayènte

pase anba pye devwa sivik ki prevwa nan konstitisyon an, lè moun vyole dwa lòt moun, li riske sibi sanksyon lalwa. Selon gravite zak ki komèt la, lalwa di ki kalite pinisyon moun

ki fotif la ap resevwa. Nan sèten ka, yo ka wete sèten dwa pou moun ki konsène a.

Depi nan kòmansman l, pwojè pak Matisan an trete moun k ap viv nan katye a tankou sitwayen ak sitwayèn. Li rekonèt tout moun gen dwa bay opinyon yo, tout moun gen devwa pou montre respè pou dizon lòt moun, kèlkilanswa sijè ka p diskite a, epi menm lè gen pozisyon ki lèt ak sitwon. Fòmasyon ak atelye sou kesyon sitwayènte an te gen yon karaktè espesyal; yo t ap fèt nan katye ki abitye pote non « zòn òlalwa », ki vle di zòn kote lalwa pa gen lavwa ochapit. Definisyon, prezizyon ak esplikasyon te pote sou mo yo. Sa te ede idantifye konpòtman ki pa sou chimen lalwa e ki pa anfavè kominote a. Sa te pemèt pote plis limyè sou lavi katye a, pwoblèm yo, ak solisyon ki ka pote. Depi gen priz konsyans sou kesyon sitwayènte a, sa vle di tou gen chanjman ki nesesè nan kopòtman endividyèl yo ak nan konpòtman kolektif yo. Priz konsyans la pemèt tou idantifye makfabrik kominote an, ak makfabrik Leta. Se konsa santiman apatenans ak yon zòn vin kreye, apatenans endividyèl ak kolektif.

Pak Matisan an, se pral yon kote moun aprann sa ki espas piblik, kidonk règleman ki pou swiv lè w an kominote. Se konpòtman sa k ap garanti siksè pak la, k ap fè li tounen yon egzanzp.

## PAWÒL PATISIPAN AK PATISIPANT YO

An jeneral, patisipan ak patisipant yo konsidere gen lyen byen klè ant koze sitwayènte a ak pwojè pak Matisan an. « *Depi yon moun fèt li gen dwa, li apateni a yon kominote, li nan yon Leta. Pak la pral revalorize diyite sitwayèn chak moun*

*nan kominote a. Sitwayènte, se santiman apatenans. Ou pa pou kont ou. Yon sitwayen oswa yon sitwayèn, se pa senpman yon moun ki vle itil kominote li. Sitwayènte, se rekonesans ak aplikasyon prensip ki komen, sa nou bay valè nan lavi toulejou »*

Patisipan ak patisipant yo rive admèt ke tout moun, gason kou fi, se sitwayen, se sitwayèn. Yon bandi se yon sitwayen ki pase lalwa anba pye e ki, poutèt sa, ap gen pou sibi sanksyon lalwa prevwa. « *Kèlkanswa moun k ap viv nan kominote a, se yon sitwayen. Yon bandi se yon moun ki chwazi pou li viv òlalwa. »*

Pou patisipan ak patisipant yo, wòl òganizasyon de baz yo fondamantal, sitou nan sa ki konsène lyen ant manm kominote a. « *Tou sa k ap fèt nan pak la ak nan katye a ta dwe ranfose epi kontinye. Se òganizasyon yo ki dwe okipe sa. Se devwa yo pou yo devlope sitwayènte an. Si dwa yo egziste, kouman pou fè konnen yo, pou jwi yo ? Òganizasyon yo dwe kapab ede nan sansibilize kominote a. Nou pap vanse si nou rete sèlman nan gade sa k pa mache ; paregzanzp mankman oswa absans sèvis Leta yo. Nou pa ka rete nan plede ap repete sa, fòk nou fè aksyon tou. »*

Echanj sou kesyon responsablite sitwayèn lan pwovoke yon revèy kay manm òganizasyon yo, sa dige angajman yo, sa fè yo wè se yon okazyon pou yo chita lidèchip yo nan zòn yo. « *Fòk nou reveye konsyans nou, fòk nou kreye motivasyon pou nou ale fè aksyon. Sa rantr nan estim nou genyen pou pwòp tèt nou. Fòk nou devlope yon vizyon sou chanjman an. Se responsablite pa nou pou nou fè kominote a byen konprann kesyon sitwayènte a. Se preske yon obligasyon moral. Sitwayènte, se rekonesans ak aplikasyon prensip ki komen, sa nou bay valè nan lavi toulejou. »*

Patisipan ak patisipant yo ensiste sou wòl edikasyon genyen nan priz konsyans sitwayèn. Yo deplore pa gen edikasyon sivik nan pwogram

lekòl yo. « Yo pa edike elèv tankou sitwayen ak sitwayèn. Sekirite ak sitwayènte, sa kòmanse ak edikasyon sivik; malerezman pa gen sa ankò nan lekòl yo. »

Santiman apatenans lan diskite anpil. «Pak la pral ogmante santiman apatenans katye a. Santiman sa fèb toujou, men l ap ranfòse ak pwojè yo. » Patisipan ak patisipant yo pa t aksepte etikèt zòn òlalwa a . « Nou pa vle tandè pale de Matisan kòm si se yon bann kanibal k ap viv la. Kòm kwadire, yo dèfize admèt se moun k ap viv la. Medya yo jwe yo gran wòl nan mete etikèt sou do katye a. Matisan, se la mwen fèt, se la m ap viv. Kòm kominote Matisan an pòv, eske sa vle di li pa merite gen yon pak? » Tout patisipan ak patisipant yo dakò pou di : « Nan santiman apatenans la, gen yon bagay ki pi gran pase w, se nan sitwayènte an nou jwenn li. »



*Selebrasyon jounen entènasyonal fanm, 2013*

Patisipan ak patisipant yo di anpil fwa satisfaksyon yo pou atelye biwo ACT ak LGL te òganize sou amenajman katye Matisan an. Sijè ki te diskite yo te konsène kesyon ki enpòtan pou lavi katye a, lavi jodi ak lavi demen : vwa daksè, kay pou rete, sèvis piblik tankou dlo, elektrisite, transpò, mache, risk pou anviwonman, edikasyon, sante, travay, elatriye. Matisan se yon vre katye nan yon vil; moun k ap viv ladan l gen responsab pou amelyore kondisyon lavi a. Se pa akize

Leta sèlman, poutèt mankman ak feblès li, fòk nou wè tou kòman noumenm nou ka aji. « Lè se nou ki lakòz pwoblèm yo, se nou menm, kòm sitwayen ak sitwayèn, ki dwe chache jwenn solisyon pou yo. Se nou menm ki pou fè pwojè ansanm, ki pou fè yo dire. Kominote a gen wòl pa li pou li jwe. Manifeste ansanm, reyalize aksyon ansanm, sa enpòtan. Chanje konpòtman vle di mennen aktivite ki nouvo, kit yo endividyèl, kit yo politik, kit yo sitwayèn...»

*Sitwayènte, se pratike yon relasyon ant prive ak piblik, yon relasyon ki pa janm kanpe. Si yon règleman bon pou yon moun, li ta dwe bon pou tout moun. Yon moun ki pa yon sitwayen, ki pa yon sitwayèn, ki sa l ye?*

*(2 patisipan)*

## RANMASE LIDE SOU REFLEKSYON YO

Kesyon sitwayènte a parèt nan tout sesyon yo, nan tout espas pawòl yo. Sa pèmèt patisipan ak patisipant yo mete lòd nan lide yo, di sa yo panse, aksepte yo konteste lide yo tou. Paregzanp, yo te sezi aprann sitwayènte se pa selman lè yon moun vin gen laj majorite legal (18 tan); sa pa konsène sèlman moun ki anfòm, ki an sante; se pa sèlman pou moun k ap mennen aktivite politik. Yo te sezi tou aprann moun andikape se sitwayen, sitwayèn tou, menm jan ak tout lòt. Li te nesè tou pou esplike sa chanje mantalite vle di. Se pa geri yon pwoblèm mantal, se pran chimen pou aksepte rekonsidere kwayans ak sètitud ou yo, dèfwa ki rantre fon nan lespri ou e ki pa toujou vre.

Nan fouye zo nan kalalou, patisipan ak patisipan yo vin dekouvri jan li enpòtan pou pa kouri fè jijman sou lòt moun apati de kwayans ou genyen selon relijyon w oswa koulè politik ou. Santiman apatenans yo genyen pou katye yo te parèt tou natirèlman. Lè yo deklare yo vle rete Matisan, yo pa gen ni lentansyon, ni posiblité kite zòn nan, sa te mennen yo tire pwòp konklizyon yo : fòk yo aksepte sèten kontrent, fòk yo aksepte chanje sèten konpòtman. Sitwayènte, se zafè tout moun.

Yon lòt pwèn ki te diskite anpil, se dwa ki genyen pou egzijè pou Leta ranpli devwa li yo. Diskisyon yo te mennen reflechi sou kòman òganizasyon yo enplike nan chache solisyon pou pwoblèm kominote a. Sa vin mennen rantre nan idantifye ki sevis Leta yo (ministè ak lòt ensititasyon piblik) òganizasyon yo dwe kontakte. Sa te pemèt soti nan pawòl vag, kote se annik blame Leta san pote okenn prezisyon.

Patisipan ak patisipan yo te rive konprann ka gen yon tansyon ant 2 bagay y ap chache : sou yon bò, yo bezwen byen ankre nan yon kote pou yo aprann viv pi byen, epanwi tèt yo. Sou yon lòt bò, yo bezwen kenbe kontak ak zòn an pwovens kote paran yo soti an. Sa pa toujou fasil pou jere. Patisipan ak patisipan yo byen konprann nesite pou yo pataje santiman apatenans sa ak lòt moun nan katye a, yon fason pou diskisyon ka fèt sou sa sitwayènte a ye. Lè yo konsidere feblès Leta, sa reveye sans devwa yo kòm sitwayen ak sitwayèn, lè konsa, y ap an pi bon pozisyon pou reklame dwa yo.

## DEFINISYON KÈK MO KLE

**Apatenans** : santiman ki lye yon moun ak yon kolektivite, yon kominote, yon peyi, yon rejyon.

**Atachman** : santiman ki lye yon moun ak yon lòt, ak yon gwoup, ak yon peyi.

**Sitwayènte** : se yon relayson ant moun, gason kou fi; se apatenans a yon kominote; se yon idantite. Sitwayènte eksprime dwa ak devwa kolektivite a aksepte, kidonk se yon aspè nan souvèrènte a.

**Kominote** : gwoup moun k ap viv nan yon menm zòn, ki gen enterè komen, ki pataje yon istwa, yon kilti ak yon lang.

**Defisit sitwayènte** : mankman nan rekonesans dwa ak devwa sitwayen ak sitwayèn yo.

**Dwa moun** : rekonesans diyite tout moun genyen, kèlkilanswa moun lan. Se baz libète, jistis ak lapè.

**Dwa ak devwa sivik** : se libète ak obligasyon sitwayen ak sitwayèn genyen. Yo garanti nan konstitisyon ak règleman lalwa pou pwoteje libète endividyèl ak kolektif.

**Eksklizyon** : se mete moun sou kote, poutèt rezon politik, istorik, relijye, kiltirèl.

**Majinalizasyon** : se lè yon kategori moun oblije kanpe lwen nan sosyete a akòz sityasyon yo.

**Règ** : se liy kondwit ki dwe swiv nan enterè kolektivite a, ou byen pou pemèt yon aktivite abouti.

**Responsablite** : konpòtman ki montre yon moun gen konsyans zak li epi aksepte konsekans zak li yo.

**Sanksyon** : pinisyon lalwa prevwa pou moun lè yo komèt yon fot.

**Stigmatizasyon** : konpòtman ki blame, kondane, izole moun, san pa gen dlo ki pou lave l.



# FICH 9

ICI  
TEST DE  
GROSSESSE  
cont. tension

**SANTE AK DWA LASANTE**



## SITYASYON KI BAY PWOBLÈM LAN

Pwoblèm sante nan Matisan te kòmanse abòde nan espas pawòl ki te tabli sou kesyon sekirite, salibrite ak anviwonman yo. Li te enpòtan pou tounen sou koze sante an, pou fouye li sou jan moun konprann maladi, liyèn, tretman, aksè nan swen sante epi dwa pou jwenn lasante.

kont maladi ak bon lamanjay epi ak yon anviwonman ki sen ? Ki kote moun yo ale pran laswenyay lè yo malad oswa lè yo fè aksidan ? Kouman moun yo konprann epi trete maladi mantal ? Eske yo konsidere lasante tankou yon dwa ? Tout kesyon sa yo te pèmèt pran konsyans enpòtans yo ak sou tout devire tounen yo genyen ladan yo.




*Selebrasyon jounen mondyal pou lite kont maladi VIH/SIDA, 2011*

Diskisyon yo te tabli sou sante kominotè ak sou wòl òganizasyon yo genyen nan fè pwomosyon pou koze sante popilasyon an pran an konsiderasyon nan kesyon ki konsène kondisyon lavi l. Kòman moun k ap viv nan katye a kapab òganize pou jwenn enfòmasyon sou maladi ak sou konsekans yo pote ? Ki kalite maladi ou plis jwenn nan katye a? Ki mwayen kominote a genyen nan men l pou li bay tèt li laswenyay, pou li jwenn laswenyay ? Kòman pou rive fè prevansyon

Li pa t fasil pou fè wè makòday ki genyen ant lasante ak dwa moun, pou montre kòman dwa pou jwenn lasante se yon dwa moun, se yon dwa sivik, paske li konsène byennèt fizik ak mantal. Se responsablite Leta pou li bay sèvis lasante, an patikilye pou sila yo ki pa kapab peye doktè ak doktèz prive. Sante kominotè pa vle di sèlman konstwi dispansè, sant sante ak lopital pou resevwa malad. Sante kominotè sitou vle di fè yon travay edikasyon popilè pou konsyantize moun sou nesosite pou yo chache enfòmasyon sou maladi

yo, sou sa ki lakòz yo, sou sa ki pèmèt rekonèt yo, sou swen tout moun ka bay, sou ki kote pou ale lè moun malad, fè aksidan, lè fanm yo ansent, kit se nan kote piblik oswa prive. Tout enfòmasyon sila yo kapab ekri



*Fimigasyon pou lite kont maladi moustik bay, Matisan, 2012*

nan de fich, epi moun nan kominote a, ki enterese epi dispoze travay nan sans sa a, kapab transmèt enfòmasyon sa yo.

Tout sa se koze ki konsène ekip sante-dwa. Pou mete sou pye yon rezo ajan ak ajant ki responsab ekip sa yo, fòk ou chwazi manm òganizasyon de baz ki vle epi ki dakò pou : swiv fòmasyon sou kesyon lasante ak sou lyen sa genyen ak dwa moun ; mennen ankèt pou jwenn bon jan enfòmasyon sou maladi

yo, sou liyèn, sou sa moun manje ak bwè, sou fatra, sou matyè fekal, sou kote moun konnen yo ka ale pran laswenyay; ranpli tout fich ki nesèsè pou gaye enfòmasyon yo ; patisipe tanzantan nan rankont pou fè swivi ak evalyasyon aksyon yo, sa k ap pèmèt korije erè epi kontinye kore fòmasyon yo.

Pwogram Sante-Dwa ki fèt nan katye a tabli relasyon ak Ministè sante piblik ak popilasyon (MSPP). Se ministè a ki reyalize fòmasyon sou maladi yo epi ki vin flite kote ki gen moustik k ap gaye maladi yo. Pwogram Sante-Dwa a kore Biwo sanitè kominal la, ki se yon sèvis ministè lasante, pou pèmèt li amelyore kòdinasyon ant divès aktè k ap travay sou kesyon lasante nan katye a.

Pwogram Sante-Dwa a kapab ankouraje popilasyon an vin rantre nan fè pledwaye (plede yon kòz) devan sèvis piblik yo. Nan ka Ministè lasante, sa ka fèt nan analize sa ki te prevwa nan plan estratejik ministè a, epi konpare aksyon ki te prevwa yo ak sa ki reyalize. Paregzanp, sa ka fèt sou kesyon lasante ki konsène popilasyon an dirèkteman, tankou : sa ki prevwa pou kanpay vaksinasyon, kolera, Sida ; ki politik ki prevwa pou maladi kontajye yo, elatriye.

## PAWÒL PATISIPAN AK PATISIPANT YO

Premye sa ki soti nan echanj yo, se koze move akèy ak move swen moun ki malad, moun ki fè aksidan ak fanm ki ansent jwenn lè yo prezante nan yon sant sante Leta : plede tann jouk ou tounen pwa tann, mankman nan espikasyon sou swen k ap bay la, mankman nan detekte maladi a, mankman nan tretman ki bay ak nan zafè medikaman, moun k ap bay sèvis la ki depasyante, elatriye. « *Nou bezwen yo koute nou*



*anvan yo preskri nou medikaman. Nou bezwen konprann, nou bezwen fè konnen nou pa santi nou byen. »*

Moun yo viv konpòtman sa yo tankou yon manke dega. Yo santi yo san defans anfas sitiyasyon sila yo. Moun yo byen konprann yo gen dwa pou jwenn swen lasante. Men sa rete yon pawòl anlè, paske an reyalyte yo toujou ap konfwonte difikilte pou yo gen aksè nan sant sante ki gen renome, ki mande pri yo ka sipòte. Sa fè yo vin ale konsilte doktè ak doktèz prive ki pa toujou ofri tretman ki garanti gerizon. Kòm yo gen okazyon konpare, yo konstate nan sèten ka sèvis sante piblik yo pi bon pase sèvis prive yo. « *Se pa paske w ap peye ki fè w ap jwenn pi bon sèvis. »*

Anpil diskisyon te fèt sou kòman pou entèprete siy lè maladi ap rante sou yon moun. Dapre konsepsyon ki plis gen pye nan sosyete a, maladi ak lanmò pa janm gen kòz natirèl. Nan espas pawòl yo, entèpretasyon mistik la te prezan kay anpil patisipan ak patisipant. Ki fè, yo ale kay ougan pou kwape malefis ki bay maladi ak soufrans. « *Lè yon moun malad, yo di se akòz malefis, se djab k ap manje l. Men sa pa ta dwe anpeche ale chache laswenyay kay doktè. »*

Kondisyon lavi a gen konsekans sou sante popilasyon an : ensekirite, kè sote an pèmanans, ensalibrite, chomaj, lamizè, mal manje, anpile pil sou pil, elatriye. « *Kondisyon lavi a ka ajì sou yon moun. Ou blije adapte w ak kondisyon ki difisil yo paske ou pa gen chwa. Men kondisyon yo ka chanje, konpòtman yo tou. Lè yon moun konprann li pa ta dwe ap viv nan malsite, li ka pran desizyon pou chanje sa.»*

Patisipan ak patisipant yo te byen apresye fòmasyon sekouris la. Nan moman trablemann tè a, yo te wè jan sa te itil. Yo deklare yo enterese mete men pou gen ekip sante-dwa nan katye a. Sèten menm dispoze vin swiv

fòmasyon epi patisipe nan ankèt k ap fèt yo. Esplikasyon te bay sou sa ki rele premye swen. Presizyon te pote tou sou wòl doktè ak doktèz, enfimyè ak enfimyè, oksilyè, sekouris ak matwòn.



*Fòmasyon premye swen nan Matisan, 2013*

**« Konprann zafè lasante, se konprann sekirite pou tèt ou, se fè prevansyon. »**  
(Yon patisipant)

## **RANMASE LIDE SOU REFLEKSYON YO**

Kesyon lasante a te louvri pòt pou anpil echanj fèt sou konsepsyon patisipan ak patisipant yo genyen sou sante fizik, sante mantal, maladi ak soufrans; kidonk konsepsyon yo genyen sou lavi ak lanmò. Tout sa ki konsène moun parèt tankou mistè. Li te enpòtan pou rive demele koze a nan pote esplikasyon ak presizyon, nan diskite sou kwayans yo, menm lè sa pa fin fè moun yo chanje lide nèt. Ki sa ki pase lè yon timoun gen yon gwo lafyèv? Lè yon pèsanaj

fè yon endispozisyon? Lè pye yon vye granmoun ap anfle? Sa pou fè lè yon moun ap soufri? Ki rekou ki genyen? Men tou, se pa ti soulajman lè gen gerizon! Se pa ti kontantman lè yon ti moun malad ap reprann kò li!

Refleksyon te fèt sou tout kesyon sa yo ki enpòtan nan lavi chak grenn moun. «*Se mèt kò ki veye kò.* » Chak granmoun responsab lasante l. Pou sa, li dwe veyatif sou premye siy li wè, li pa dwe rete tann ka l fin angrave anvan l ale pran laswenyay kay doktè oswa doktèz. Koze medsin prevansyon an te pèmèt pi byen konprann enpòtans enfòmasyon; enfòmasyon ki pèmèt evite epidemi, divès maladi ak aksidan, ni pou tèt ou, ni pou moun ki pwòch ou. Medsin tradisyonèl la kapab pote yon gwo konkou tou nan fè prevansyon ak tretman.

Koze maladi espikosomatik (maladi pwoblèm emosyon bay) te parèt lè patisipan ak patisipant yo te pale sou fason yon konn santi kò yo faya, san yo pa ka di ki sa k ap fè yo mal, san yo pa ka esplike eta yo. Doktè ak doktèz epi lòt kategori moun k ap bay swen pa toujou rive idantifye kòz pwoblèm lan. Esplikasyon te bay pou fè konprann sèten pwoblèm fizik se rezilta yon chòk yon moun te viv. Lè konsa, se kò a k ap fè konnen sa ki poko ka di ak pawòl; se tankou si kò a t ap pale. Se nan gade lavi anfas, nan pale sou jan lavi a pase, se nan konsa pawòl ka soti sou maladi espikosomatik epi se sa k ap pèmèt trete maladi a.

Esplikasyon te bay tou sou dwa lasante ak sou pawòl ki dwe eskprime sa. Tout moun k ap chache laswenyay gen dwa pou poze kesyon sou konsta ki fèt sou eta li, sou tretman y ap ba li, elatriye. Se lapawòl tou k ap pèmèt mete an plas ekip sante-dwa yo nan katye a. Ekip sila yo sitou gen arevwa ak koze fòmasyon, enfòmasyon ak pledwaye; se pa yon zafè bati sant sante ak lopital.

## DEFINISYON KÈK MO KLE

**Deyontoloji oswa kòd etik pwofesyonèl :** règleman ak obligasyon ki pou respekte nan yon pwofesyon, nan yon metye.

**Maladi fizik :** move eta lasante divès siy oswa doulè kapab montre.

**Maladi mantal :** maladi nan sèvo ki aji sou konpòtman, sou langaj ak sou lavi yon moun an sosyete, epi ki ka fè moun lan mal pou adapte li nan lavi toulejou l.

**Matwònn oswa fanm saj :** moun ki pa doktè men ki swiv fanm ki ansent, ki akouche yo epi ki bay manman an ak ti bebe ki fenk fèt swen.

**Òd medsen, òd enfimye :** asosyasyon moun k ap pwofese lamedsin, ka p travay kòm enfimye, epi ki dakò aksepte swiv règleman ki tabli sou fonksyonman pwofesyon yo, yon fason pou sèvi enterè kolektivite a.

**Prevansyon :** se tout dispozisyon ki pran pou evite sèten risk. Konsilte kay doktè oswa doktèz chak ane, se yon bon egzanp prevansyon kont maladi.

**Epsikosomatik :** pwoblèm fizik ki prezante akòz chòk yon moun pran.

**Sante :** Byenèt fizik ak mantal ki aji sou lavi yon moun ak sou lavi kominote a.

**Sante kominotè :** Enterè komen manm yon kominote genyen pou byennèt kolektivite a, pou moun ka jwenn swen lasante.

**Sante piblik :** Dispozisyon leta pran pou pwoteje lasante popilasyon an, ogmante kantite tan yon moun ap viv; vaksinasyon, depistaj, prevansyon, kondisyon lavi ki desan.

**Sekouris :** Moun ki fòme pou pote premye sekou bay viktim aksidan ak katastwòf.



# FICH 10

## MEMORYAL PAK MATISAN AN





*Vizitè nan memoryal Matisan an, 2012*

## SITYASYON KI BAY PWOBLÈM LAN

Katastwòf tranbleman tèt 12 janvye 2010 la lakòz anpil lanmò, disparisyon, moun andikape, kay ak enfrastrikti detwi nan Matisan. Moun k ap viv nan katye a kontinye pote mak katastwòf la nan kò yo ak nan kè yo. Malgre move kondisyon lavi ki toujou la, konstwi yon memoryal ayisyen nan pak Matisan an sa vle di anpil bagay. Se rete kwè nou ka ede lavi reprann ak diyite epi ak yon rekonesans sitwayèn ki nouvo. Sa vle di respekte ak onore moun ki te mouri yo, nan fè memoryal la aksesib pou moun katye a epi pou tout kalite moun ki vle vin vizite li.

Memoryal pak Matisan an inogire 12 janvye 2012, 2 zan apre katastwòf la. Te gen yon

seremoni ekimenik ak selebran ki soti nan 4 relijyon ki pratike ann Ayiti (katolik, vodou, pwotestan ak mizilman). Anviwon 500 moun te patisipe. Pifò envite yo se te moun katye a. Seremoni ekimenik la se te yon senbòl pou jou espesyal sa. Sa te enpòtan nan yon peyi kote majorite popilasyon an toujou ap chache Bondye, kèlkanswa non yo ba li dapre kwayans relijyèz yo, kit se kwayans pèsònèl, kit se kwayans familyal. Memoryal la pa gen okenn apatenans relijyèz, li louvri pou tout moun, san distenksyon. 2 lane apre tranbleman tèt a, li te enpòtan pou komemore dat la ak yon seremoni kote n ap sonje epi salye mò nou yo, tout moun ki disparèt nan katastwòf la, san yo pa janm jwenn kò yo. Sonje tou sa, se fè lavi kontinye mache, se derefizè dòmi bliye, se patisipe nan fè dèy nou.

Memoryal la raple nou tout nou egal ego anfas lanmò. Nan sans sa a, memoryal la fè nou gen imilite, li fè nou sonje nou tout gen pou n ale yon jou. Memoryal la se yon kote ki mande rekèyman, e se sa ki pèmèt pran sans balans ki genyen ant lavi ak lanmò. Sa ka petèt ede tou gade devan, etan nou toujou gen konsyans gen yon fen.

Memoryal la favorize yon refleksyon sou kòman pou fè dèy, sou kouman pou kenbe rasin memwa nou. Kouman pou fè jwenn kè poze, kouman pou fè panse blesi chòk la bay, ak tout kantite moun ki mouri ak disparèt yo? Moun ki te pwòch, fanmi, zanmi, moun ou te rekonèt, moun ou te senpman konn wè. Memoryal la bèl, silans vlope li, lanati antoure li. Nou ka wè sa tankou yon ochan pou lavi, pou renesan, pou lespwa.

Depi li fin inogire, memoryal pak Matisan an louvri pou piblik la. Chak jou anpil moun vin vizite. Antre a gratis.

## PAWÒL PATISIPAN AK PATISIPANT YO

Patisipan ak patisipant yo deklare fyète yo lè yo wè pak Matisan an tounen yon reyalite. « *Pou nou menm, se premye reyalizasyon ki montre gen pak tout bon. Pak la louvri pou piblik la.* »

Nan okazyon echanj ki fèt sou moun ki mouri ak disparèt yo, tan te pran pou byen esplike wòl senbolik memoryal la. Li te enpòtan pou chak moun rive pale sou soufrans li, sou jan li desounen, sou dezespwa li, sou jan li santi l chavire kòm moun ki chape anba katastwòf la. Anpil patisipan ak patisipant rakonte jan sa te difisil pou yo te aksepte disparisyon yon moun pwòch yo, yo te blije antere vit, san

kavo, san lantèman. Sa te pi rèd ankò lè se moun ki disparèt, san kite tras. « *Yon moun ki disparèt, se yon moun ki pa gen okenn plas ankò. Ou pa konn kote li ye. An sekre, ou kontinye ap tann li.* » Kwaksa, toujou rete yon enkyetid, yon kilpabilite (repwòch w ap fè tèt ou), paske ou pa sèten ou te fè tout sa ki te nesèsè pou onore mò yo ak sila ki disparèt yo. Sa fè memoryal la vin parèt tankou yon kote espesyal. Se premye espas piblik andedan pak la ki pèmèt soti nan espas pawòl pou rantre nan yon espas meditasyon. « *Pwojè pak Matisan an mete an plas espas pawòl yo. Sou baz sa a, nou fè yon travay sou memwa ak sou dèy. Vwalatilpa, jodi a, gen yon memoryal ki se yon kote pou rekeyi, pou sonje sila yo ki pa la ankò.* »

Nan echanj ki fèt sou kesyon dèy la, sèten patisipan ak patisipant rakonte an detay kouman sa konn pase nan lokalite kote yo soti a. Paregzanp, nan zòn Leyogàn, gen seremoni « kraze tonèl » ki fèt pandan 9 jou. Pwòch defen an abiye ak rad diferan koulè, selon plas li nan kòd fanmi an. Veye yo gen bon anbyans ladan yo. Yo fèt nan lide pou akonpaye defen an sou wout pou li travèse nan lòt monn lan. Sou nevyèm jou a, yo konsidere defen an fin janbe, li rive. Li ka kite vivan yo kontinye viv an pè.

Diskisyon yo te tabli tou sou espas ki dwe rezève pou mò ak pou vivan. Plas mò se nan simityè sa ye. Anpil patisipan ak patisipant pa dakò ak zafè kenbe sann yon defen nan yon po nan kay la, jan sa ap fèt chak jou pi plis. Dapre yo, sa anpeche defen yo jwenn plas yo epi sa anpeche vivan yo kenbe plas pa yo tou . Sa ka lakòz latwoublay nan tèt moun ki gen pratik sa , san yo pa janm konprann sa ki pwovoque sa. Priz de dèy se yon bagay ki enpòtan paske se sèl fason pou separe lavi ak lanmò. Se sèl jan pou defen an jwenn repò etènèl li.



*Manm yon òganizasyon nan Sore kap plante yon pye ilan ilan nan memwa viktim tranbleman tè 12 janvye 2010 la, Pak Matisan, 2013*

Echanj sou travay memwa a te mennen retounen sou kesyon prevansyon an. Fòk ou sonje sa k te pase pou kapab tire leson epi aprann prevwa, yon fason pou ka pran bon jan dispozisyon ki adapte ak sitiyasyon an. « *Travay memwa a pèmèt fè travay prevansyon an. Lè ou sonje, se pou evite refè menm erè yo, se pou kapab chanje move konpòtman, se pou rive fè prevansyon.* » Fòk nou pran an konsiderasyon katastwòf ki pase yo, pou nou sa konstwi yon memwa pou prevansyon, yon fason pou ka prevni sa ki ka kòz malè. Memoryal pak Matisan an se yon kote ki kenbe rasin memwa n.

*« Nou menm Ayisyen ak Ayisyèn, nou sèvi ak sa ki te pase, men nou pa wè enpòtans pase a vre. Jodi a, tranbleman tè a sou tou nasyonalite nou. »*

## RANMASE LIDE SOU REFLEKSYON YO

Patisipan ak patisipant yo te apresye vizit gide yo te fè ak yo nan memoryal la. Sa te pèmèt yo jwenn espikasyon sou jan memoryal la òganize, sou chemen ki gen ladan l, sou jaden an, sou tonb yo, sou bandwòl la. Alèkile, nan katye a, gen yon espas ki dedye pou memwa dividal moun ki peri ak disparèt nan tranbleman tè 12 janvye 2010 la. An tan ke senbòl, memoryal la rebay defen yo ak vivan yo diyite yo. Lide pou fè yon memoryal soti nan espas pawòl ki fèt aprè tranbleman tè a.

Nan echanj yo, anpil kesyon poze sou zafè moun ki disparèt yo, sou enpòtans senbòl nan ka lanmò ak sou fè dèy. Sa pa t fasil. Sou yon bò, sa te mande pou pran distans ak konsekans tranbleman tè a sou lavi w epi, sou yon lòt bò, fòk ou te plede pale de lanmò. Li te nesèsè pou ensiste sou tan sa pran pou fè dèy, pou rive aksepte lanmò sa yo. Sa te fè patisipan ak patisipant yo sonje pratik ki konsène lanmò nan sèten zòn nan peyi a. Pratik sa yo pèmèt onore mò yo e yo enpòtan. Patisipan ak patisipant yo te regrèt yo pa kapab kenbe pratik sa yo nan Matisan, akòz kondisyon yo ki pa pèmèt sa; pa gen espas lakou pou sa.

Memoryal la pako fini nèt, men chak jou gen anpil moun ki vin vizite l. Trankilite ak serenite espas la, espesyalman jaden an, bay anpil atirans. Gen anpil travay edikasyon ki pou fèt pou aprann moun, sitou jèn yo, respekte espas la ki se yon kote pou prezève rasin memwa n. Konsa tou, gen règleman ki dwe swiv nan sèvi ak yon espas piblik tankou memoryal la. Sa enpòtan, lè nou konsidere sa

memoryal la reprezante parapòta katastwòf 12 janvye 2010 la ki souke tout sosyete a.

## DEFINISYON KÈK MO KLE

**Simityè** : kote yo antere moun ki mouri. Se yon espas fizik ak senbolik.

**Disparisyon** : moun yo pa wè ankò, ki disparèt san kite tras.

**Fineray** : seremoni solanèl ki fèt lè yon moun mouri. Se fè lantèman.

**Fos komin** : twou ki fouye nan tè epi kote yo mete divès kadav ansanm.

**Ensinerasyon** : se lè yo boule kadav kò yo yon kote ki prevwa pou sa, pou fè yo tounen sann.

**Memwa** : se kapasite pou gen konsyans sou sa ki te pase (sa ki te di, zak ki te fèt), pou pa dòmi bliye.

**Memoryal** : yon kote yo bati yon moniman oubyen fè yon jaden pou rann omaj epi sonje moun ki mouri yo.

**Rityèl** : se tout pratik ki tabli selon yon tradisyon e ki fèt nan yon seremoni.

**Sepilti** : se kote yo antere kò yon moun ki mouri yo. Se kav, se fòs kote yo mete kadav kò yo.

**Senbolik** : Se tout sa ki reprezante senbòl ki enpòtan dapre kilti yon kominote.

**Travay dèy** : Se demach ki pèmèt yon moun rive aksepte lanmò yon moun ki te pwòch li.

**Travay memwa** : Se demach pou sonje epi pale sou evènman ki te pase yo. Demach la ka genyen ladan l tou refleksyon pou tire leson ki ka itil pou demen.





# Annexe 1

2008 - 2012

Nom de l'organisation		Session I Le projet du Parc de Martissant	Session II Séisme et environnement	Session III Santé/Droits	Session IV Parc et quartier	Session V Parc, mémoire et mémorial	Total
1	Association des citoyens pour le développement de Martissant (ACDM)		1	1	1		3
2	Association Culturelle et Educative des Jeunes pour l'Avancement de Martissant (ACEJAM)	1					1
3	Action Chrétienne d'Aide aux Enfants Vulnérables des Communautés Défavorisées (ACHADHAITI)	1					1
4	Ann Chanje Figi La Kay (ACHFLA)	1					1
5	Ann Chanje Lakay (ACHLA)					1	1
6	Association pour le Développement de Grand ravine (ADGR)		1				1
7	Association pour le Développement Intégral des Jeunes de Martissant (ADRJM)	1	1		1		3
8	Association des Femmes Actives pour le Développement de Martissant (AFADEM)		1	1	1		3
9	Association des Frères pour le Développement socioéconomique d'Haïti (AFDESH)	1					1
10	Association des Femmes en Mouvement (AFEM)		1				1
11	Association Foi et Oeuvre en Marche (AFOM)	1					1
12	Association des Femmes Vaillantes de Martissant (AFVM)		1				1
13	Association des Jeunes Artistes pour la Littérature (AJAL)	1		1			2
14	Association des Jeunes Artistes pour la Littérature Libérale et le Support (AJALLS)	1		1			2
15	Association des Jeunes Artistes de Martissant en Action (AJAMA)		1				1
16	Association des Jeunes de Crepsac pour l' Avancement et le Progrès de Martissant (AJCAP)	1	1	1	1	1	5
17	Association des Jeunes Citoyens Haïtiens pour l'Epanouissement Educatif et Socioculturel (AJCHPEESC)	1					1
18	Association des Jeunes pour le Développement de Fort-Mercredi (AJDFM)		1				1
19	Association des Jeunes pour le Développement de la Population de Mapou/Fort-Mercredi (AJDPMF)						
20	Association des Jeunes Combattants Haïtiens (AJECHO)						
21	Association des Jeunes Exemplaires de Fontamara (AJEF)	1				1	2
22	Association des Jeunes de l' Eglise de la Foi Apostolique de Martissant (AJEFAM)		1				1
23	Action des Jeunes Progressistes de Martissant pour le Développement Social (AJEPMADS)		1				1
24	Association des Jeunes Eduqués et Professionnels pour la Réussite Réelle du Pays (AJEPRORP)		1				1
25	Association de la jeunesse active (AJEUNAC)				1		1

62	Comité Organisé pour le Développement du Morne Jean-Pierre (CODEMOJEP)		1			1
63	Coordination des Femmes Actives pour le Développement de Fontamara 27 (COFADEF)		1			1
64	Collectif des Femmes Solidaires pour l'Avancement de Fontamara (COFESAF)				1	1
65	Comité de Gestion de l'Eau de Baigne/Soray (COGEBSO)	1				1
66	Collectif des Groupes Rénovateurs en Action (COGRA)		1			1
67	Collectif des Organisations de Martissant (COM/ASPSB)	1				1
68	Conscience Morale (COMOR)				1	1
69	Conseil National pour l'Education Civique (CONAEC)		1	1		2
70	Organisation Haitienne pour un Nouveau Cadre de Développement (CONHSEDE)	1				1
71	Coalition des Organisations pour le Relèvement de la 3e circonscription/Volontariat pour le Reboisement et la Protection de l'environnement (CORECS/VORPE)		1			1
72	Comité pour la Réhabilitation de Martissant (CRM)	1				1
73	Coordination et Rassemblement de la Mission pour le peuple (CRMP)				1	1
74	DRAM'ART	1			1	3
75	Echo Spirituel				1	1
76	Femmes en Action pour le Développement de Martissant (FADM)	1				1
77	Foyer Culturel et Social des Jeunes Filles de Martissant (FCSJFM)				1	1
78	Foyer d'Encadrement des Petits Haïtiens ( FEPH)				1	1
79	Fédération Haïtienne des organisations Indépendantes (FHOI)		1			1
80	Formation Intellectuelle pour la Rénovation Educative et Socioculturelle Haïtienne (FIRESCH)	1				1
81	Foyer Culturel pour le Développement (FOCUD)	1	1		1	3
82	Fondation David Wilfrid pour le Développement Social (FODAWIDES)				1	1
83	Front des Jeunes pour le Développement Culturel et Social (FROJEDECS)		1			1
84	Les Futuristes de la Jeunesse Haïtienne (FUJEH)	1				1
85	Grande Association de Jeunes pour le Progrès et le Développement Socio-économique (GAJPDSE)	1	1		1	4
86	Groupe des Amis Professionnels en Informatique et Gestion de Martissant (GAPIGM)		1			1
87	Groupe d'Appui et de Réflexion pour l' Avancement Local (GARAL)				1	1
88	Groupe de Citoyens Actifs pour l'Education Civique des Masses (GCAECM)		1			1
89	Groupe des Femmes en Action pour le Développement de Decayettes (GFAD)	1		1		2
90	Groupe des Jeunes en Réflexion de Martissant ((GJRM)		1			1
91	GLAGIPPE		1			1
92	Groupe de Recherche pour une Alternative Nouvelle (GRAN)	1		1	1	3
93	Groupe d'Assistance Sociale de Martissant (GRAS-Ma)		1			1

94	Groupe d'Assistance Sociale des Personnes en Difficulté (GRASPEDEF)	1				1
95	Groupe de réflexion Nationale pour l'Avancement d' Haiti (GRENAH)	1				1
96	Haïti Future (HAFU)	1		1		2
97	Initiative des Citoyens pour le Développement des Zones (ICDZO)				1	1
98	Initiative de Développement Positive pour une Haiti Meilleure (IDDPHAM)		1			1
99	Initiative de Développement en Education et en Encadrement renforcé (IDEER)		1			1
100	Initiative Destinée aux Œuvres de Loisirs et d'Encadrement (IDOLE)	1			1	2
101	Initiative des Jeunes pour une Autre Génération (IJAG)	1	1		1	3
102	Intégration Nationale pour le Développement Exceptionnel (INDEX)		1	1		2
103	Jeunesse en Action pour l'Emergence de l'Etre Haitien (JAEH)	1				1
104	Jeunes Actifs et progressistes de Soray (JAPS)			1	1	2
105	Jeunes Rénovateurs de Martissant pour une Nouvelle Haiti ( JERMANAH)	1				1
106	Konsej Moral Abitan Kap Lité (KMAL)		1	1		2
107	Kodinasyon Oganizasyon Matisan Pou Avansman Nasyon an (KOMAN)	1				1
108	Kodinasyon Oganizasyon Matisan Pou Avansman Nasyon an (KOMAN)	1				1
109	Konbit Tibwa an Aksyon Pou Devlopman (KOTAD)	1	1		1	4
110	Lancement Réaliste des Leaders Vaillants (La RELEV)		1			1
111	Le Petit Lectorat	1		1		2
112	Lutte Collective pour le Progrès Intégral de Martissant (LUCOPIMAR)		1			1
113	Music, Art & Production (M&AP)		1			1
114	Mouvement Artistique pour la Renaissance Sociale (MARS)				1	1
115	Mouvement pour l'Encadrement Social de la Jeunesse Haïtienne (MESJH)		1			1
116	Mouvement d'Intégration et d'Epanouissement des Jeunes (MIEJ)		1			1
117	Motivation du Développement de la Grande Ravine (MODGRA)				1	1
118	Mouvement des Petits Marchands d'Haiti (MPMHA)	1	1	1	1	4
119	Mouvement Socioculturel pour le Développement (MSCD)	1	1			2
120	Mains Unies pour le Soutien des Jeunes et Enfants Démunis d'Haiti ( MUSJEDH)		1			1
121	Nouvelle Vision pour une Autre Société (NOVAS)	1		1		2
122	Organisation pour la Bonne parole de Nazareth et le Plan pour le Développement (OBPNPD)		1			1
123	Organisation pour le Développement Bellevue Fort-Mercredi (ODBELLEFORM)		1			1
124	Organisation pour le Développement d'Haiti (ODDH-OJIAH)	1				1
125	Organisation pour le Développement Durable des Gens de Martissant (ODGDM666)		1			1

126	Organisation Espoir des Jeunes de Martissant (OEJM)	1				1
127	Organisation des Femmes Fortes (OFF)	1		1		2
128	Organisation des Femmes en Lutte pour le Développement de Martissant (OFLDM)		1			1
129	Organisation des Femmes Militantes de Sion (OFMS)		1			1
130	Organisation des Humanistes pour Combattre la Pauvreté (OHCP)		1			1
131	Organisation des Jeunes pour l'Avenir (OJA)	1		1		2
132	Organisation des Jeunes en Action pour le Développement d'Haïti (OJADHA)	1				1
133	Organisation des Jeunes Dévoués pour la Paix de Martissant Socio-éducative (OJDPMSE)	1				1
134	Organisation des Jeunes Chrétiens pour l'Espoir (OJECE)		1	1		2
135	Organisation des Jeunes Lumineux pour le Développement du Travail (OJLPDT)		1			1
136	Organisation des Jeunes progressistes de la Nouvelle Jérusalem pour le Développement de Ti-Bois (OJPNCJDT)	1				1
137	Organisation des jeunes pour le Relancement Socio- culturel de Martissant (OJRSM)		1			1
138	Organisation des Jeunes Visionnaires pour le Développement (OJVD)	1				1
139	Organisation des Jeunes Visionnaires Dévoués pour la Paix de Martissant (OJVIDPM)	1				1
140	Organisation des Jeunes Visionnaires pour la Rénovation d'Haïti (OJVRCH)	1				1
141	Organisation pour la Libération des Femmes de Martissant (OLFM)				1	1
142	Organisation des Mitoses pour le Développement (OMD)	1				1
143	Organisation pour la Modernisation et le Développement des Infrastructures en District (OMID)		1			1
144	Organisation pour l'Avancement d'Haïti (OPAH)	1				1
145	Organisation des Penseurs Unis pour une Communication Améliorée (OPUCA)		1			1
146	Organisation des Résistants pour l'Avancement de Martissant (ORAM)	1	1	1	1	4
147	Organisation des Artistes Missionnaires en Action (ORAMA)		1			1
148	Organisation pour la Restauration et l'encadrement de la Jeunesse Haïtienne (ORGREJHA)				1	1
149	Organisation Socioculturelle et Educative pour le Développement d'Haïti (OSCEDH)	1		1		2
150	Organisation de Sensibilisation au Développement de la Communauté (OSEDEC)		1			1
151	Organisation Socioculturelle pour l'Epanouissement et le Progrès des Jeunes de Baigne à Martissant (OSEPJBMM)	1		1		2
152	Organisation Tet Ansanm Refijye Ayisyen (OTARA)		1			1
153	Organisation des Travailleurs Actifs pour le Fondement et l'Education Socioculturelle d'Haïti (OTRAFESH)		1			1
154	Organisation de l'Union des Jeunes de la Route des Dalles (OUDJD)				1	1

155	Organisation et Union des Progressistes pour le Développement (OUPD)		1	1			2
156	Plan d'Intégration Humaine pour le Développement Social (PIHDS)	1		1	1		3
157	Point de Réflexion et d'Action pour une Nouvelle Société (PRANS)	1		1			2
158	Regroupement des Femmes Déterminées (REDFANM)		1				1
159	Rezo Edikatif Zanmi Lajenès (REZAJ)	1					1
160	Regroupement des Jeunes pour le Développement de Haut Deslouis-Decayettes (RJDHDID)				1		1
161	Reseau pour la rehabilitation sociale d'Haiti		1	1	1		3
162	Solidarité Citoyenne pour le Développement Humain (SCDH)	1	1	1	1		4
163	Société Civile Jeunes Baigne (SCJB)	1					1
164	Sant Edikasyon Kominotè (SEK)			1			1
165	Société pour l'Epanouissement Social du Haut Martissant (SEMAH)	1		1			2
166	Société Nationale des Patriotes (SONAP)				1		1
167	Société Progressiste de Jasmin (SOPJA)		1				1
168	Savants Organisés et Unis pour le Développement Culturel Educatif et Social (SOURCES)				1		1
169	Sensibilisation des Professeurs Aidant les Enfants Démunis (SPAED)				1		1
170	Travailleurs pour l'Intégration et le Progrès Social (TIPS)	1					1
171	Troupe Rationnelle des Artistes en Feu (TRAF)	1					1
172	Union des Citoyens Conséquents pour l' Avancement de Martissant (UCCAM)	1	1		1	1	4
173	Union des Citoyens pour le Développement de Baigne (UCIDEB)	1		1			2
174	Unique Foyer des Jeunes d'Haïti (UFJH)	1		1	1	1	4
175	Unanimité des Jeunes pour le Développement Socioculturel (UJDSC)	1		1	1		3
176	Volontariat Intégré pour le Développement Social et Economique (VIDSE)	1	1	1	1	1	5
<b>Total</b>		<b>83</b>	<b>72</b>	<b>39</b>	<b>46</b>	<b>17</b>	<b>257</b>

# Annexe 2

Liste des sous-quartiers de Martissant représentés aux Espaces de parole

2008-2012

<b>1</b>	<b><i>Baigne</i></b>
<b>2</b>	<b><i>Barreau</i></b>
<b>3</b>	<b><i>Crepsac</i></b>
<b>4</b>	<b><i>Dalles</i></b>
<b>5</b>	<b><i>Dantès</i></b>
<b>6</b>	<b><i>Décayettes/Cajou</i></b>
<b>7</b>	<b><i>Délouis</i></b>
<b>8</b>	<b><i>Douyon</i></b>
<b>10</b>	<b><i>Fontamara 27</i></b>
<b>11</b>	<b><i>Grand Ravine</i></b>
<b>12</b>	<b><i>Jeannot</i></b>
<b>13</b>	<b><i>Littoral/Cité Lajoie</i></b>
<b>14</b>	<b><i>Manigat</i></b>
<b>15</b>	<b><i>Martissant 1</i></b>
<b>16</b>	<b><i>Martissant 7</i></b>
<b>17</b>	<b><i>Martissant 19</i></b>
<b>18</b>	<b><i>Martissant 23</i></b>
<b>19</b>	<b><i>Romulus</i></b>
<b>20</b>	<b><i>Soray</i></b>
<b>21</b>	<b><i>Ti-Bois</i></b>
<b>22</b>	<b><i>Toulon</i></b>
<b>23</b>	<b><i>Vaval</i></b>







"Dès les premiers espaces de parole,  
les discussions ont tourné autour  
des questions suivantes :

"Qu'est-ce qu'un parc ? Qu'est-ce que le parc  
de Martissant ? Quel est le rôle de FOKAL dans  
la mise en œuvre du projet du parc ?

Quel accueil la population réserve-t-elle au parc  
de Martissant ? Le parc aura-t-il une incidence sur  
la vie des organisations et des habitants du quartier ?

Qu'est-ce que l'espace public ?

Qu'est-ce que le bien public ?"

Il a fallu approfondir ces questions et accueillir les  
réflexions et suggestions des participants. FOKAL a  
dû aussi expliquer le caractère novateur d'un tel  
projet dont la réalisation allait dépendre de la volonté  
de tous les acteurs concernés (l'État, la municipalité,  
les élus locaux, la société civile).

Sauver ce boisé dans une ville où les espaces verts sont  
quasi inexistant, créer le premier jardin botanique  
public du pays, doter un quartier marginalisé d'un parc  
naturel, mobiliser toutes les ressources humaines, tech-  
niques et financières nécessaires, autant de défis à relever  
qui exigent vision, conviction et persévérance."

---

"Depi nan premye moman espas pawòl yo, kesyon sila yo te  
kòmanse poze: "Kisa yon pak ye ? Kisa ki pak Matisan an ?  
Ki wòl FOKAL nan pwojè a ? Kouman kominote a ap akeyi koze  
pak la ? Eske pak la ap gen konsekans sou lavi òganizasyon, sou lavi  
moun nan katye a ? Kisa ki rele espas piblik ? Kisa ki rele byen piblik ?

Kesyon sa yo te merite fouye. Sa fèt nan ranmase dizon patisipan yo.  
FOKAL te sètoblize eksplike nouvote ki genyen nan yon pwojè  
konsa ki depann de volonte tout aktè ak aktris ki konsène yo  
(Leta, lameri, administrasyon lokal yo, òganizasyon nan kominote a).

Se pa ti defi piti ki genyen nan yon pwojè konsa ki vle sove yon zòn ki  
byen bwaze, nan yon vil ki pa gen sa ankò ; ki vle kreye premye jaden  
botanik piblik nan peyi a ; òganize yon pak natirèl nan yon katye defavorize ;  
mobilize moun, mwayen lajan ak mwayen teknik. Pou rive leve tout defi  
sa yo, sa mande vizyon, konviksyon ak pèsèverans."